ХъуэпсапІэхэм я лъэмыж

2-нэ нап.

Хабзэм тетыным хуэущий

3-нэ нап.

Карелиер я лъапІэщ

3-нэ нап.

ЗэІущІитІым- топ 18

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№9 (24.447) • 2023 гъэм щІышылэм (январым) и 26, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

ЩІыхур псэущ, и цІэр лъэпкъым яІурылъыху

4-нэ нап.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Къэралым и дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ щхьэмыгъазэу къулыкъум пэрыта ди хэкуэгъухэу Абазокъуэ Муратрэ ТхьэкІумащІэ Русланрэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и УказкІэ ЛІыгъэм и орденхэр къыхуагъэфэщащ хахуагъэ яхэлъу хэкІуэда ди лІыхъужьхэу Абазокъуэ Муратрэ ТхьэкІумащІэ Русланрэ.

А ЦІЫХУ гъуэзэджэхэм я унагъуэхэм игъащІэкІэ щахъумэн папщІэ къэрал дамыгъэхэр иджыблагъэ яритыжащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Абы теухуауэ Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм къыщызэрагъэпэща зэІущІэм хэтащ КъБР-м и правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэхэу Къуныжь МуІэедрэ Говоров Сергейрэ, Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур, Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим.

«Ди Хэкум и шынагъуэншагъэр яхъумэурэ, абыхэм я зауэлІ къалэнхэр пщІэрэ щІыхьрэ яхэлъу ягъэзэщІащ. Миномёт расчётым и унафэщІ сержант нэхъыжь Абазокъуэ Мурат Кыщпэк къуажэм, санинструктор сержант нэхъыщІэ ТхьэкІумащІэ Руслан Къубэ-Тэбэ къуажэм къыщалъхуащ. Абыхэм я хахуагъэм псори дрогушхуэ икІи хэкІуэдахэм я благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ дахуогузавэ. А зауэлІхэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Абыхэм зэрахьа лІыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я зауэлІ тхыдэм къыхэнэнущ», - къыщыгъэлъэгъуащ зэІущІэм теухуауэ республикэм и Іэтащхьэм интернетым кърилъхьа тхыгъэм.

ЛъэІухэм хэплъащ

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ яІущІащ зи щхьэІуэхукІэ къекІуэлІа цІыхухэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІыр а махуэм зыхуэзахэм яхэтащ бын куэд зиІэ унагъуэхэм ящыщу гугъуехьышхуэхэм хэхуахэр, апхуэдэу хьэлъэу сымаджэ сабийхэр зиІэхэр. Абыхэм я лъэІухэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар псэупІэкІэ я Іуэху зэрызэкІэлъымыкІуэрщ. Псэуныгъэм пыщІа гугъуехь пыухыкІахэр дэгъэкІыным хуэгъэзауэ къэлъэІуащ мобилизацэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэм кІуахэм я унагъуэ щхьэхуэхэр. КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм я лъэІухэр дагъэкІын папщІэ зыхуэфащэ къулыкъущІэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ пщэрылъ пыухыкІахэр яхуигъэуващ икІи а лэжьыгъэр зэрекІуэкІым езыр и щхьэкІэ кІэлъыплъынущ.

ІэнатІэ щагъуэт

«ВоенТекстильПром» ІуэхущІапІэм и къудамэ Бахъсэн щыІэ бизнес-инкубаторым къыщызэІуахащ. Абы инвестицэ ахъшэу халъхьащ сом мелуан 60. ІуэхущІапІэм цІыху 250-м ІэнатІэ щагъуэтынущ, иджы щыщІэдзауэ Бахъсэнрэ Бахъсэн щІыналъэм и къуажэхэмрэ щыщу цІыхуи 123-рэ щолажьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ щІэуэ къызэІуаха ІуэхущІапІэр икІи епсэлъащ абы и унафэщІхэмрэ щылажьэхэмрэ. Абы зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм ІэнатІэ щагъуэтыну апхуэдэ ІуэхущІапІэхэр къызэІухыным мыхьэнэшхуэ иІэщ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр егъэмащІэ, цІыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ ещІри. «Ди къалэныр хьэрычэт Іуэхум къэрал дэІэпыкъуныгъэ игъуэтынырщ, хьэпшып къыщІэзыгъэкІхэм къахэгъэхъуэнымрэ лэжьапІэ ІэнатІэхэр нэхъыбэу къызэгъэпэщынымрэщ. Мы зэманымкІэ нэхъыщхьэр «ВоенТекстильПром»-м иригъэкІуэкІ Іуэхурщ - хамэ къэралхэм кърашу щытахэр ди деж щад, дзэлІхэм зауэ фащэхэр яхуед», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

ІуэхущІапІэм и унафэщІ Атэлыкъ Аслъэн республикэ Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ инвестицэ проектыр зэрадиІыгъам папщІэ икІи дяпэкІэ нэхъри зэрызрагъэужьынур жиІащ. Абы щадынущ армэм щыІэхэм, полицэм хэтхэм, къегъэлакІуэхэм я фэилъхьэгъуэхэр. ІуэхущІапІэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщащ, бжыгъэр зи лъабжьэ программэкІэ зэрагъакІуэу.

«ВоенТекстильПром»-м и къудамэ нэхъыщхьэр Налшык къалэ нэхъ пасэу къыщызэІуаха, цІыху 500 щылажьэ «Авангард» дэрбзэр фабрикэращ. Абы щыдэ пэшхэм нэмыщІи, дэным, бзэным щыхуагъасэхэр иІэщ. Бахъсэн ІуэхущІапІэми апхуэдэ Іэмалхэр къыщызэрагъэпэщынущ.

«ВоенТекстильПром»-м щылажьэхэм гулъытэ хэха яхуищІынущ. Ахэр пщІэншэу ягъашхэ, узыншагъэм щыкІэлъыплъ пэш иІэщ, лэжьакІуэхэр маршруткэкІэ кърашалІэ, зыгъэпсэхугъуэ пІалъэхэр, адрей хуэІухуэщІэ псори къыхузэрагъэпэщ. Компанием защІегъакъуэ ХьэтІохъущыкъуейрэ Бабугентрэ дэт кадет школхэм, дзэ къулыкъум ираджа щІалэхэм.

Урысей Федерацэм ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и правительствэ комиссэм игъэбелджылащ зи коммунальнэ ухуэныгъэхэр ирагъэфІэкІуэну щІыналъэ 14-р. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри.

- ЖКХ-р егъэфІэкІуэнымкІэ ІэмалыщІэм техьащ Правительствэр. А ІэмалымкІэ ІуэхущІапІэу100-м нэс зыхуей хуэбгъэзэфынущ, псы, газ кІуапІэу, уэздыгъэ кІапсэу километр мини 8 къызэщІэзыубыдэ щІэкІэ зэпхъуэкІыфынущ. ПрограммэщІэм текІуэдэнум япэ сом меллард 30 хухахащ. Программэм хиубыдэ щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ Фондым къыхэкІыу дэтхэнэми сом меллард 16 Іэрыхьэнущ, - жиІащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат. Абы къыхигъэщащ 2023 гъэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным гулъытэ лей зэригъуэтынур.

ЖКХ-р зэрырагъэфІэкІуэну мылъку яІэрыхьэнущ Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Башкортостан, Марий Эл, Саха, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Тыва, Хабаровск, Астрахань, Иркутск, Липецк, Самарэ, Тамбовск, Ямало-Ненецк щІыналъэхэм. Ар гъэзэщІа хъумэ, къэралым и цІыху мин 450-м хузэфІах коммунальнэ Іуэхутхьэбзэр куэдкІэ нэхъ зэпэщ хъунущ.

Ди щІыналъэри хеубыдэ

«ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ фонд» компанием и генеральнэ унафэщІ Шагиахметов Ильшат къыхигъэщащ нэхъыбэу псымрэ хуабэмрэ зэрегугъунур. Иджыпсту ахэр зэрагъэзэщІэнум зыхуагъэхьэзыр.

Коммунальнэ ухуэныгъэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ программэщІэр ягъэбелджылащ Урысейм и Президентым и УнафэкІэ. Абы къызэщІиубыдэнущ 2023 - 2027 гъэхэр.

Щхьэхуэу мылъку хухахынущ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыным, Іэмэпсымэхэр къащэхуным, инженер лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным, проектым и дэфтэрхэр гъэхьэзырыным. 2023-2024 гъэхэм Іуэхум трагъэкІуэдэнущ сом меларди 130-рэ.

ГЪУЭТ Синэ.

Ди къуэш республикэхэм

Дыщэ мыІэрысэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и къалащхьэм щыІэ парк зыкъизыхыр иджы нэхъ дахэж хъуащ. Абы щежэх псым и Іуфэр зыхуей хуагъэзащ, жыгыщІэхэр хасащ, цІыхухэм тыншу зыщагъэпсэхун папщІэ тетІысхьэпІэхэри нэгъуэщІу зыхуеину псори ирагъэуващ. Адыгей жыг хадэр иджырей мардэ, теплъэ зиІэ парк хъуащ жыпІэмэ, ущыуэнукъым. Апхуэдэ зыгъэпсэхупІэхэм къалэ паркыр къыщхьэщызыгъэкІыр иджыблагъэ абы щагъэува арт-объект екІурщ. Мейкъуапэ и дамыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэ мыІэрысэ дыщэплъыр ут щхьэхуэм итщ.**

- ПАРКЫР зыхуей щыхуэдгъэзэжым адрейхэм къахэзыгъэщ зы щхьэхуэныгъэ гуэркІэ дгъэщІэрэщІэну дыхуейт. Куэдрэ дегупсысакъым мыІэрысэ дызэрыхуеймкІэ, ауэ абы и теплъэу щытынур иджыри тщІэртэкъым. Социальнэ сетхэр щІэсплъыкІыу, Краснодар щыщ щІалэгъуалэ зыбжанэм жыр мыулъийм скульптурэ дахэхэр къыхащІыкІыу слъэгъуащ. Абыхэм дигу илъ мыІэрысэ арт-объектыр едгъэщІмэ, дахэ хъуну къэслъытэри, я лъэщапІэм сыкІуащ. ДызэгурыІуэри, нобэ къалэ паркыр зыгъэдахэ дыщэ мыІэрысэр тхуащІащ, - жиІащ къалэ администрацэм архитектурэмрэ ухуэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Шумахуэ Сульетэ.

КърахьэлІэжыр нэхъыбэ мэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **2021 гъэм республикэм щызэщІакъуэжа фошыгъу жэгундэр нэгъабэ елъытауэ процент 15-кІэ нэхъыбэщ. КъШР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Боташев Анзор зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ жэгундэ тонн 210-рэ зэщІакъуэжащ. Ар къызыпэкІуар иужьрей илъэсищым кърищубыдэу жэгундэ зытрасэ щІым къызэрыхагъэхъуарщ. 2022 гъэм гектар 50-90-м трасащ.**

ФОШЫГЪУ жэгундэ хэзысэ мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур даІыгъын папщІэ иужьрей илъэсищым къэралым сом мелуан 75-кІэ защІигъэкъуащ.

Мы гъэми гъатхэ сэгъуэм зыхуагъэхьэзыр, техникэхэм я щытыкІэр къапщытэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыхасэ фошыгъу жэгундэм и процент 12,-15-р Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм итщ. 2019 гъэм щегъэжьауэ абы елэжьхэм къэрал субсидиехэр ират.

Туризмэр ирагъэфІакІуэ

АБХЪАЗ. **АР-м туризмэмкІэ и министр Хишбэ Теймураз зэрыжиІамкІэ, 2022 гъэр хъарзынэу къайхъулІащ. А илъэсым къриубыдэу Абхъазым зыгъэпсэхуакІуэ кІуащ цІыху зы мелуанрэ мини 145-рэ. Турист ІэнатІэм пэрытщ Абхъазым щыпсэу цІыху мин 30-м нэблагъэ. ХьэщІэщхэм цІыху мини 4 щолажьэ. Республикэм и зыгъэпсэхупІэхэм цІыху мин 39-рэ зэуэ щІохуэ, унеи хьэщІэщхэм мин 15 ирагъэблэгъэф.**

РЕСПУЛИКЭМ туризмэм зэрызыщиужьым и гугъу щищІым, министрым къыхигъэщащ Гагрэ районым хьэщІэщхэр щыухуэным гектар 78-рэ зэрыхухахар, Гудаутэ - 18, Гулрыпш - 2, Сыхъум районым – 2, Сыхъум къалэ - 10, Очамчырэ - 13 зыгъэпсэхупІэхэм зэрыщыхухахар.

Очамчырэ районым «Жемчужина» хьэщІэщ щаухуэ, ар къат 16-у зэтетщ, цІыху 400 щІэхуэнущ. Куэд мыщІэу къызэІуахынущ «Сухумская Ривьера» хьэщІэщыр, абы халъхьа инвестицэр сом мелуани 185-рэ мэхъу. 2022 гъэм къриубыдэу Гагрэ ухуэныгъи 6 и кІэм щынагъэсащ, абы халъхьащ сом меларди 2,7-рэ.

Хишбэ Теймураз къызэрыхигъэщамкІэ, я Іуэхур нэхъри ефІэкІуэнущ Сыхъум аэропорт къыщызэІуахмэ, къищынэмыщІауэ, туризмэм епха унафэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр жиІащ.

АР-м ТуризмэмкІэ и министерствэм къызэрилъытэмкІэ, Урысей Федерацэм и цІыхухэм загъэхъужын, загъэпсэхун папщІэ ярит хуэгъэкІуатэр Абхъазми къыщысэбэпу унафэ къащтэным мыхьэнэшхуэ иІэщ.



НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ЗэІущІэхэр

ЩІэблэр зэкъуагъэувэ

Налшык къалэ библиотекэ №10-м щекІуэкІащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ папщІэ къызэрагъэпэща «Движение первых» урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и япэ зэІущІэр. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм гъэсэныгъэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт и ІуэхущІапІэхэм япэ къудамэхэр къыщызэІухыным. А лэжьыгъэр зэфІэкІын хуейщ щІышылэм и 27 - мазаем и 10 пІалъэм къриубыдэу. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ «Движение первых» зэгухьэныгъэм ди щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Шыпш Аслъэн.

- НОБЭРЕЙ махуэр ди тхыдэм напэкІуэцІ щхьэпэу хэувэну си гугъэщ. Урысейм и щІыналъэ псоми зэгухьэныгъэм и япэ къудамэхэр къыщызэІуах. Дэри абы дызэрыхэлэжьыхьыр ди гуапэщ. Сэбэп дыхъуну, щІэблэм гъуэгу едгъэлъагъуну дыхуейщ, дыхьэзырщ, - жиІащ абы зэІущІэр къыщызэІуихым.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къыбгъэдэкІыу къэпсэлъащ **Бажэ Дотий**:

- Мы зэІущІэр пэжу мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Сыту жыпІэмэ, ар теухуащ щІэблэр фІым хуэунэтІыным, нэхъыщІэхэм гъуэгу етыным. Совет зэманым щыгъуэ фІыуэ тлъагъу къыхуеджэныгъэу диІащ «НэхъыфІу хъуар – сабийхэм!» жыхуэтІэр. Нобэ а псалъэхэм я мыхьэнэр дгъэкІуэд хъунукъым. Нэхъыжьхэм Іущагъыу тщІэри, хабзэу къыддекІуэкІри, ІуэхуфІу длэжьри сабийхэм я деж нэтхьэсын хуейщ. Нэхъыщхьэ дыдэу дэ нэхъыщІэхэм къагурыдгъэІуапхъэр сыт?! Я къарур фІым хуаунэтІыныр. Ди гупсысэ зэтхьэлІэу, дызэдэлажьэу щытмэ, ахэр лъэ быдэкІэ увынущ, гугъуехьхэр нэхъ тыншу къызэранэкІынущ, гъусэ зэраІэр, зэрамызакъуэр зыхащІэмэ.

Пэжщ, нобэ дигу иримыхьын гуэрхэр щадэтлъагъу щыІэщ щІалэгъуалэм. Ауэ ар зи щыуагъэжри дэращ - нэхъыжьхэращ, дэращ жэуап зыхьыр. Сыхуейт, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ мащІэу зэзгъэпщэну. Егъэджэныгъэм тІэкІу укъэувыІэу, итІанэ пыпщэж щыхъу щыІэмэ, гъэсэныгъэм теухуауэ убэлэрыгъи утеплъэкъукІи хъуркъым. Гъэсэныгъэм ущытелэжьэн хуейщ унагъуэми, еджапІэми, уэрамми – дэни!

ИкъукІэ си гуапэщ мы Іуэху дахэм сызэрыхэтыр, си псалъэ зэрыхэслъхьэр. Иджырей зэманым ди щІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я гупсысэм зегъэужьыным, я гъащІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ республикэм щекІуэкІхэм сыхэтыну си гуапэщ. Псалъэ дыгъэл къудейуэ щымыту, сигури си псэри зыхэслъэну сыхьэзыр Іуэху дахэщ къызэвгъэпэщар. Сэри сэбэп сыхъуну сыхьэзырщ, - жиІащ абы.

- ЩІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэщІэхэр къызэгъэпэщыным къэралым мыхьэнэшхуэ иІэу къызэрилъытэм и щыхьэтщ мы Іуэхури. Ди щІалэгъуалэм зэужьын папщІэ ІуэхущІапІэхэр ухуэным, ахэр къызыхуэтыншэу зыхуей-зыхуэфІкІэ къызэгъэпэщыным гулъытэ хуещІ. Ауэ ари нэхъыщхьэ дыдэу схужыІэнукъым. Нэхъыщхьэр - дэтхэнэ ныбжьыщІэми и гум гуапагъэр къыщыгъэушынымрэ и гупсысэр фІым хуэунэтІынымрэщ, я гукъэкІымрэ мурадхэмрэ зэрыхуэкІуэн Іэмал етынырщ

Абы папщІэ зыхедгъэщІэн хуейщ жытІэри длэжьри ди гум къызэрикІыр. Ар къыдэхъулІэнукъым, псэ хэдмылъхьэмэ. Ди щІэблэм ехъулІэныгъэ, хэлъэт яІэу, лъэныкъуэ куэдкІэ зэужьауэ тлъагъуну дыщІохъуэпс. Ауэ абы лъабжьэ хуэхъур егъэджэныгъэ, щІэныгъэ къудейкъым. Гъэсэныгъэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Мы Іуэхугъуэм лъэщу дыдэбэкъуэну си гугъэщ абы теухуауэ. Къалэн къудейуэ мы Іуэхум дыбгъэдэвмыгъэхьэ, нобэ дублэ Іуэхум жылэфІ къедгъэщІыным ди къару псори хуэдвгъэунэтІ. ФэрыщІагъэ щремыІэ – аращ жыхуэсІэр! Дызэлэжьын, дгъэкІуэтэн диІэщ! – жиІащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**.

КъБР-м щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ и министр **Лу Азэмэт** республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, ахэр мы зэгухьэныгъэм щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъуфынум я гугъу ищІащ.

- Школхэмрэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ сабийхэмрэ зыхэт зэгухьэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщыну гукъэкІ зыщІахэр ипэжыпІэкІэ а Іуэхум зи псэ хуабагъи, зи гуащІи, зи зэмани хэзылъхьэну хьэзырхэрщ. Нобэ къызэІутх къудамэм дыкъыхуэкІуащ илъэс 30-кІэ. Ди зэманым къэралми республикэми хуабжьу гулъытэшхуэ щагъуэт щІалэгъуалэм. Дызэчэнджэщурэ мурадхэм дахуэкІуэмэ, ди къалэн нэхъыщхьэхэр къыдэхъулІэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и щІалэгъуалэм нэгъабэ щахуэзам жиІат Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм щыщу метр зэбгъузэнатІэ мини 6,5-рэ хуэдиз щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм иритыну. Аращи, мы илъэсым къриубыдэу щІалэгъуалэм я унэ диІэну догугъэ. ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ бухуэным нэхъыщхьэу хэтыр абы пыщІа юридическэ Іуэхухэракъым, атІэ ар нэщІыса хъун папщІэ ныбжьыщІэ жан, зэчиифІэ, гурыхуэхэр езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ щызэхуэсын, абыхэм зы Іуэху дахэм щхьэж и гупсысэ щІэщыгъуэ хилъхьэфу щытын зэрыхуейрщ. Іэмал имыІэу проект щІэщыгъуэхэр къызэригъэпэщыфыни хуейщ. Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зэгухьэныгъэм хыхьащ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм хэта, зи еплъыкІэхэр псыхьа ныбжьыщІэхэр. Си гугъэщ, зэман гуэр дэкІмэ, мы зэгухьэныгъэм хэтхэм я къарум къихьыну Іуэху дахэхэм дыхэплъэну Іэмал диІэну. Ди министерствэм къыбгъэдэкІыу сыхуейщ зэгухьэныгъэм зэфІэкІ иІэну сехъуэхъуну! Мы зэгухьэныгъэм и сэбэп екІыну дыхуейщ республикэм щыпсэу дэтхэнэ ныбжьыщІэми сабийми.

Зэгухьэныгъэм и советым хэт **Мыкъуэ ФатІимэ** жиІащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я «Движение первых» урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и советым цІыху 11 зэрыхэтыр. Къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ къыщызэрагъэпэща къудамэхэм хэтыну егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэр ягъэбелджылащ. Зэгухьэныгъэм хэтыну зэрыхуеймкІэ тхыгъэ кърагъэхьащ Бахъсэн, Прохладнэ, Тэрч, Шэрэдж, Шэджэм, Лэскэн, Май, Аруан, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм, Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм. Налшык къалэм и егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэу 34-рэ зэгухьэныгъэм хыхьащ. Школхэм нэмыщІ, абыхэм ящыщщ прогимназиеу 2, егъэджэныгъэ центру 2 волонтёр Іуэхум зегъэужьынымкІэ центрыр, Сабий творчествэмкІэ «ДыгъафІэ унэ» центрыр, Кадет школ - интернат№2-р, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжыр, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетыр, «Локомотив», «Дзюдо», «Грин-хилл» спорт клубхэр.

Зэгухьэныгъэм хэт ныбжьыщІэхэм къызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ, я гуащІэ емыблэжыну, цІыхухэм сэбэп яхуэхъуну, республикэми къэралми и зыужьыныгъэм я зэфІэкІ халъхьэну гукъыдэж зэраІэри къыхагъэщащ.

Шыпш Аслъэн къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ щІышылэм и 27-м зэгухьэныгъэм и япэ лэжьыгъэр Налшык и 33-нэ школым зэрыщекІуэкІынур, икІи щІалэгъуалэр екІуалІэмэ зэригуапэр жиІащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХъуэпсапIэхэм я лъэмыж

● Жылагъуэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зэIущIэ убгъуар Налшык къалэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы хэлэжьыхьащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Абхъазым, Сирием, Европэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. ЗэIущIэр махуитIкIэ зэхэтащ, Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьащ, лэжьыгъэ нэхъыбэжи къызэщIиубыдащ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, ДАХ-м и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэхуэсым кърихьэлIахэм хьэщIэхэр нэIуасэ яхуищIащ. Абыхэм яхэтащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м Лэжьыгъэмкlэ и ЛIыхъужь **МэшбащIэ Исхьэкъ**, УФ-м и Президентым и Администрацэм лъэпкъ политикэмкIэ и къулыкъущIапIэм и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ **Баах Сергей**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор, ФедерацэмкIэ Советым Бюджетымрэ финанс хуэIухуэщIэхэмкIэ и къудамэм щыщ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэм и лIыкIуэ **Къэзанокъуэ Кърым**, Адыгэ Республикэм и Парламентым - Хасэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэщI щыпсэу адыгэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и Iэтащхьэ **Щхьэлахъуэ Аскэр** сымэ.

Апхуэдэу зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэр, щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр щызезыхьэ IуэхущIапIэхэм я Iэтащхьэхэр, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, гъунэгъу щIыналъэхэм къикIа хьэщIэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ДАХ-м и зэIущIэ убгъуам хэтхэм зэрызахуигъазэ псалъэм Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэхуэсым кърихьэлIахэм къахуеджащ. «Дыкъапщтэмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм дэлэжьэным мыхьэнэшхуэ идот. Нэгъуэщ Iу щытынкIэ Iэмал иIэкъым, лъэныкъуитIри дызытелажьэр зы Iуэхущ - адыгэ лъэпкъым и зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэщ. Дэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми я лъэпкъыбэ жылагъуэм щыщ адыгэхэм яхуэгъэзауэ ДАХ-м къыхилъхьэ жэрдэмхэмрэ пэхуэщIэхэмрэ дэтIыгъыну, дапщэщи щIэгъэкъуэн дыхуэхъуну. Пщэрылъ зыщищIыжа Iуэхугъуэхэм темыкIыу ерыщу зэрытелажьэм, абыхэм еш имыIэу яужь зэритым къыхэкIыу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и цIэр фIыкIэ Хэкум къищынэмыщIауэ, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я дежкIи щыIуащ. А лэжьыгъэр щIэмыужьыхэу ипэкIэ кIуэтэн папщIэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым. ДАХ-м и зэIущIэм лъэпкъым ифI зыхэлъ унафэхэр къыщахьыну, и зыужьыныгъэм гъуэгу дахэ езытын гупсысэ узыншэхэр къыщыхалъхьэну си гуапэщ», - щыжиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и фIэхъус псалъэм.

Урысейм щыпсэу лъэпкъыбэм я зэхуаку илъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэным, дунейпсо зэгурыIуэр егъэфIэкIуэным, псэкупсэ-щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр хъумэным гулъытэ хэха къэралым зэрахуищIыр къыхигъэщащ адэкIэ псалъэ зрата Баах Сергей. «Абы и лъэныкъуэкIэ къыпхуэмылъытэну инщ ДАХ-м илъэс Iэджэ щIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэр. Дунейпсо мыхьэнэ зиIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм щIы хъурейм щикъухьа адыгэхэр зэшэлIэным, абыхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуаку илъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ лъэщ щIыным зэрытелажьэм къищынэмыщIауэ, лъэпкъ зэныкъуэкъурэ дин зэгурымыIуэрэ къызэрымыхъуным, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэщIыным и гуащIэ къызэрихькIэ толажьэ. Лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэблихкIэрэ, ДАХ-м зыщигъэгъупщэркъым щылажьэ къэралышхуэм и щхьэпэ зыхэлъхэри - Урысейм и хуитыныгъэхэм я къащхьэщыжакIуэу къоув, ар зэкъуэзычыну хэтхэм япэщIэтщ. ДАХ-м и Iуэху щIэкIэр щапхъэ зытрих хъуну лъэпкъ гупсысэкIэм къыхокI. А дуней лъагъукIэм и зы щыхьэтщ лъэпкъым щыщ щIалэхэр нобэ къэралым и гъунапкъэхэр IэщэкIэ яхъумэу зауэ IэнатIэм зэрыIутыр», - щыжиIащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI Магомедов Магомедсэлам и Iэпэ зыщIэлъ фIэхъус псалъэм.

АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат ДАХ-м зэрызахуигъазэ псалъэм къеджар Щхьэлахъуэ Аскэрщ. Тхыгъэм къызэрыхэщамкIэ, адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм я зыужьыныгъэр абыхэм я дуней зыхэщIэм зыкъомкIэ елъытащ. «Дунейпсо Адыгэ Хасэм илъэс щэщI ипэкIэ пщэрылъ зыщищIыжауэ адыгэхэм я щыIэныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэщIа зэрыхъуным толажьэ. Гуращэ дахэрэ теубыдагъэкIэ узыхуежьэ сыт хуэдэ жэрдэмри нэсу къызэгъэпэща хъунущ. ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр абы и шэсыпIэщ, ар лъэпкъ хъуэпсапIэхэм я лъэмыжщ, адэжь лъахэм къихьэжыну къэхъуапсэ ди къуэш минхэм я гугъапIэщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэ убгъуам лъэпкъыр дяпэкIэ зэрыгъуэзэн унафэхэр къызэрыщащтэнум, IуэхугъуэщIэхэм къежьапIэ яхуэхъун гъуазэхэр зэрыщагъэнэхуэнум шэч къытесхьэркъым. Адыгэ дунейм и акъыл зэхэдзэкIэ къэхъуа ДАХ-р фефIэкIуэну си гуапэщ», - щыжыIащ КъумпIыл Мурат и псалъэм.

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид ДАХ-м и зэIущIэм хэтхэм зэрызахуигъазэ псалъэм къеджар Къэзанокъуэ Кърымщ. «ДАХ-р зи лэжьыгъэфIхэмкIэ дуней псом къыщацIыхуа жылагъуэ зэгухьэныгъэщ. Къэралыбэм щыпсэу зы лъэпкъым и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэхэр зыхуей хуэбгъэзэныр къызэрымыкIуэу гугъущ: езы жылэм и гупсысэр зым тешэнри, гъунэгъу лъэпкъхэр арэзы къэщIынри, дунейм къыщекIуэкI щытыкIэм зегъэкIунри къалэн хьэлъэщ. Ауэ, блэкIа илъэсхэм къызэрагъэлъэгъуащи, ДАХ-р и пщэрылъхэм мыбзаджэу йохъулIэ, и мурадхэри хъарзынэу къыдохъу. Лъэпкъ къэс езым и гукъеуэ-хъуэпсапIэхэр иIэщ. ЗэрытхузэфIэкIкIэ ди Iэ къызыпекIуэкI къэдмыгъанэу а гуращэхэр дэри зэрыдгъэзэщIэнум, ДАХ-р зыIууэ гугъуехьхэр зэрыдэдгъэмэщIэнум иужь дитынщ. Дунейм щикъухьа адыгэхэм я Хасэм и Iуэхухэр ефIэкIуэну, къапэщылъ лэжьыгъэр купщIафIэу къэрахьэлIэну си гуапэщ», - щыжеIэ тхыгъэм.

Апхуэдэу ДАХ-м и зэIущIэ убгъуам видеофIэхъускIэ зыкъыхуагъэзащ Иорданием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд-Хьэмид, Израилым щыIэ Кфар-Камэ къуажэм щыIэ «Адыгэ Зэгухьэныгъэ» центрым и унафэщI Тхьэухъуэ Зухьейр, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщI, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу муслъымэнхэм я ЗэзыгъэуIу Хасэм и тхьэмадэ, муфтий Бердиев Исмэхьил, щихънагъ Феофилакт сымэ.

ДАХ-м и зэIущIэ убгъуам курых хуэхъуащ абы и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и къэпсэлъэныгъэр. Абы зэхуэсым кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ иужьрей илъэсхэм ДАХ-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Тхыдэм щыщ Iуэхугъуэхэм я деж къыщригъажьэри, ДАХ-м и Тхьэмадэр тепсэлъыхьащ жылагъуэ зэгухьэныгъэм адыгэм и лъэпкъыщхьэр къызэтенэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихым, егъэджэныгъэ, узэщIыныгъэ, информацие унэтIыныгъэ зиIэ пэхуэщIэ гъэщIэгъуэнхэр утыку къызэририлъхьэм, дунейпсо лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным и гуащIэ зэрырихьэлIэм. Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрыжиIамкIэ, Хасэр сыт хуэдэ лэжьыгъэм иужь имыхьами, зыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэхэр щыгъупщакъым. Ар хущIокъу анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэхэр хъумэным икIи егъэфIэкIуэным, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм адыгэбзэр зэрыщрагъэдж Iэмалхэм я фIагъыр къэIэтыным, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми адыгэбзэр зэрырагъащIэ методикэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыным епха Iуэхугъуэхэм.

АдэкIэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и гугъу ищIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм лэжьыгъэшхуэ зэрадригъэкIуэкIым. Тхьэмадэм зэрыжиIамкIэ, ари унэтIыныгъитIкIэ къызэгъэпэщащ: зыр - хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр быдэ щIыным, нэхъри щIэгъэхуэбжьэным теухуащ; етIуанэр - Хэкум къэIэпхъуэжахэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэзэгъэжыным, бзэр егъэщIэным хуэгъэпсащ. «Мы лэжьыгъэр сыт щыгъуи йокIуэкI, зэпыуи къыхэкIыркъым. Дызэрыщыгъуазэмкlэ, мы зэманым ирихьэлIэу хамэ къэрал къикIыжу зи хэку зэзыгъэгъуэтыжа ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр цIыху 5000-м ноблагъэ. Лэжьыгъэшхуэ ядыдогъэкIуэкI Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм. Мы далэм ирихьэлIэу Хэкум къихьэжащ цIыху 3000-м щIигъу. Сирием къикIыжахэм я нэхъыбэр абы 2011 гъэ лъандэрэ щекIуэкI зауэм я щхьэр къыхэзыхахэрщ. АР-ми, КъБР-ми, КъШР-ми я къулыкъущIэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, хьэрычэтыщIэхэми Хэкум къихьэжахэм зэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм щхьэкIэ къуажэхэмрэ къалэхэмрэ унэ лъапси 120-рэ щыхуэзэрагъэпэщащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, жылагъуэ икIи дин зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ и къудамэм 2019 гъэм мазаем и 19-м иригъэкIуэкIа зэхуэсым къыщыхалъхьэри, Тыркум къикIыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжа ди лъэпкъэгъухэм я хуитыныгъэхэр къызэпызыуд къэрал къулыкъущIапIэхэм хуэгъэза тхьэусыхафэм щыхэплъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и Советыр зыхэплъа мы Iуэхур узыблэIэбыкI мыхъунухэм ящыщу икIи къэзыгъэзэжахэм я Iуэхум жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал IэнатIэхэмрэ зэгъусэу хэплъэныр икIи зэфIэхыныр игъуэу къилъытащ. Къэзыгъэзэжахэр хэку гъащIэм нэхъ щIэх хэсыхьыжыным хуэунэтIауэ ди хэгъэгухэм зэIущIэхэр, Iэнэ хъурейхэр щызэхашэ. А зэхуэсхэм кърохьэлIэ цIыхур лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным, Iэпхъуэшэпхъуэным пыщIа къулыкъущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Къэралым щызекIуэ мардэхэм къызэритIэс хуэдизкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу зымыгъуэт щыIэкъым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр Хэкум къихьэжахэм я тхылъымпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным пыщIа Iуэхухэми хэтщ. ПIалъэкIэ щыпсэуну е къэралым щыIэну хуит зыщI тхылъхэм щхьэкIэ цIыхур зыхуеину дэфтэрхэр зэхуэхьэсыным, лъэIухэр урысыбзэкIэ зэхэгъэувэным теухуауэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм лъэкI къагъанэркъым. Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм папщIэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэджыну курсхэр 2018 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ. Я нэхъ мащIэу зы курс зэхыхьэгъуэм цIыху 50 - 60 хуэдиз къызэрызэщIиубыдэр къыхэгъэщын хуейщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Хасэм ди лъэпкъэгъухэм я сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьэным гулъытэ хэха хуэщIыныр пщэрылъ зыщищIыжа Iуэхугъуэхэм зэращыщри къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм. «А лэжьыгъэм щыщу и гугъу кIэщI дыдэу сщIынут Iуэхугъуэ зытIум. Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэху икIи узыншагъэр щызэфIагъэувэж и IуэхущIапIэхэмрэ санаторэхэмрэ Иорданием, Тыркум, Сирием, Израилым, Осетие Ищхъэрэмрэ Ставрополь щIыналъэмрэ щыщу сабии 100-м нэблагъэ щыIащ. Илъэс къэс къызэдгъэпэщ щэнхабзэ-узэщIакIуэ лагерым къыдогъэблагъэ Сирием къикIыжауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ мэздэгу адыгэхэмрэ я щIалэгъуалэр. Лагерым и программэм Iэмалыншэу хэтщ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ теухуа курс гъэпсынщIахэр, Адыгэ Хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм теухуа дерсхэр. НыбжьыщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуу адыгэ къэфэкIэм, дыщэидэм, пхъэм сурэт къыхэIущIыкIыным, арджэн щIыкIэм ехьэлIауэ къызэдгъэпэща мастер-классхэм хэтщ.

КъищынэмыщIауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр Тыркум, Иорданием, Сирием щыIэ Адыгэ Хасэхэм ядолажьэ Хэкум щыIэ университетхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтыным адыгэ щIалэгъуалэр тегъэгушхуэнымкIэ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым еджэныгъэ визэхэмкIэ мы зэманым цIыху 73-м щIэныгъэ щызрагъэгъуэт, цIыхуиплIыр КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щоджэ. Студент хъуахэм псоми стипендие къахь, пщIэ щIамыту общежит унэхэм щIэсщ», - жиIащ ДАХ-м и Тхьэмадэм.

Къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, Хэкум щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ IэщIагъэрэ щызэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэхэр дунейм дезыпх лъэмыж мэхъу. Абыхэм я фIыгъэкIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Европэм, Азием, Америкэм щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ, политикэ я лъэныкъуэкIэ яхудиIэ пыщIэныгъэхэм зауж ь.

Сэхъурокъуэ Хьэутий апхуэдэу щхьэхуэу тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэныр, абыхэм я зэхуаку илъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэмрэ гъэбыдэныр, бзэ, дин, лъэпкъ зэныкъуэкъурэ зэжьэхэуэрэ къэмыгъэхъуныр ДАХ-м и къалэнхэм зэрыхыхьэр, абы къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрми, абы и щIыбкIи щыIэ лъэпкъ центрхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэр.

Тхьэмадэм жиIам пэджэжу къэпсэлъащ цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, ДАХ-м и вице-президент **Щоджэн Iэминат**, КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэ секретарь **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, КъШР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь **Къанкъуэщ Арсен**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, нэгъуэщIхэри.

КъызэщIэзыкъуэж и псалъэм ДАХ-м и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэрыхигъэщамкIэ, дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ мыхъумыщIэхэм япэуву УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа дзэ операцэ хэхам и телъхьэу зэрыщытыр къагъэлъэгъуэн щхьэкIэщ зэIущIэ убгъуар къыщIызэрагъэпэщар. «МащIэми куэдми ди къэралым зы цIыху щыпсэуу къыщIэкIынукъым дзэ операцэ хэхар зыжьэхэмыуа. Абы къыхэкIыу дэри лъэныкъуэкIэ дыкъыщынэ зэрымыхъунур, ди Iуэху еплъыкIэр къыжытIэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. ЩыIэ щытыкIэр къэлъытауэ цIыхубэм захуэдгъэзэну дыхуейт мы лъэхъэнэ бзаджэм ди зэхуаку хьэлэ къыдэзыукIэну хэтхэм зыкъедмыгъэгъэпцIэну, дызэкъуэувэну, къэралыр зыIуува IэнатIэм зылI и быну деувэлIэну. Ди джэпсалъэр хэкурысхэми хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми ялъэдгъэIэсыну ди гугъэщ. Апхуэдэуи дыщогугъ ди гуащIэ къихь мащIэмкIэ зэуапIэм ит ди щIалэхэм защIэдгъакъуэу», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Тхьэмадэм и псалъэм къызэрыхэщамкIэ, ДАХ-м хыхьэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр нэхъапэкIэ зэхуэсри дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ яIэ еплъыкIэхэмкIэ зэпсэлъэгъат. «УФ-м и Президентым къищта унафэм псори дриакъылэгъущ, дрителъхьэщ. Хэкур хъумэным, ар бэлыхь щыхэхуэкIэ къыщхьэщыжын зэрыхуейр псоми къыщыдгурыIуэкIэ, дызэкъуэтыныр дэтхэнэм дежкIи хьэкъыу щытын хуейуэ къыдолъытэ. Дыщыпсэу хэгъэгум ифI къэзымылъыхъуэ бийр ди щхьэри фIы хуэзэну хуейкъым, аращи ди хъугъуэфIыгъуэхэр дгъэбагъуэу, ди лъахэм и хъумакIуэ дывгъэхъу, бийр ди гущIыIу къидвмыгъэгъэхьэ», - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Апхуэдэу зэIущIэм хэтахэм резолюцэм и проектри зэдэарэзыуэ къащтащ. Утыкум къыщыIуа гупсысэхэм елъытауэ зэхагъэува тхыгъэм хэлэжьыхьыжыну, щIыгъужыпхъэхэр халъхьэжыну редакцэ комиссэм и пщэ иралъхьащ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Эльбрус» СОБР-р илъэс 30 ирокъу

КъБР-м щыIэ Урысей гвардием и управленэм щызэхэтащ «Эльбрус» СОБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум теухуа зэIущIэ.

РЕСПУБЛИКЭ управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Васильев Сергей гуп хэхам и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ а илъэсхэм IэнатIэр и пщэрылъхэм сыт щыгъуи ехъулIэныгъэ иIэу зэрыпэлъэщар, ноби ахэр зэригъэзащIэр.

- Гупым и тхыдэр - ар къалэным хуэпэжыным икIи хахуэу Хэкум къалэн хуэщIэным и щапхъэщ икIи фэ фиIэщ фызэрыгушхуэн. Си фIэщ мэхъу фи япэ итахэм я лэжьыгъэм щIыхь пылъу зэрыпыфщэнур. Ди жагъуэ зэрыхъущи, хэщIыныгъи диIащ, ауэ тхэкIыжа ди зауэлI ныбжьэгъухэм ящыщ дэтхэнэри сыт щыгъуи дигу илъынущ, - жиIащ Васильев Сергей.

Апхуэдэуи гупым и лэжьакIуэ псоми фIыщIэ яхуищIащ я къулыкъум зэрыхуэпэжым папщIэ, узыншагъэ, унагъуэ зэIузэпэщыгъэ, ехъулIэныгъэщIэхэр яIэну ехъуэхъуащ. Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я фэеплъым пщIэ хуащIу, къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымащ.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иухащ - къулыкъум къыхэжанык Iа лэжьакIуэхэм ведомствэ дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр яритащ унафэщIым.

Къыхэдгъэщынщи, «Эльбрус» СОБР-р щIыналъэ МВД-м хыхьэу 1993 гъэм и щIышылэм къызэрагъэпэщауэ щытащ зэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэм пэщIэтын папщIэ. А зэманым къриубыдэу гупым и лэжьакIуэ 50-м щIигъум къэрал дамыгъэхэр хуагъэфэщащ, 11-м - дунейм ехыжауэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ЩыIащ зэманыфI

● Жыжьэ - гъунэгъу

Ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ унагъуэ къэс яIэрыхьэу щытащ. «Iуащхьэмахуэ» журнал къудейр къэтщтэнщи, егъэджакIуэхэм ящыщу ар къызылъысыр мащIэт, апхуэдизу зэпэубыдауэ щIаджыкIырти. А зэманым цIыхумкIэ фIэщщIыгъуей хъуну къыщIэкIынт, газетым Iэ тезыдзэхэм яIэрыгъэхьэжыным гугъуехь пыщIауэ зэгуэр хъуну, пощт зэпыщIэныгъэр апхуэдизу дагъуэншэу зэтеухуати.

КЪУАЖЭ къэс почтальонхэр яIэт, зэрыпсэун улахуи ирату. ШыхэмкIэ хъарзынэу къызэгъэпэщати, бензин уасэ, къинэмыщI жаIэртэкъым. Пщэдджыжьым жьыуэ пощтхэм ирашалIэ газетхэр фэ сумкIэшхуэ зыкIэрыщIа шуухэм зэман пыухыкIам тету пIащIэу зэбграхырт. ЦIыхухэр сытым хуэдэу къапэплъэрэт абыхэм?!

Къапщтэмэ, Псыгуэнсум и пощт къудамэр нэхъыфI дыдэхэм хабжэрт. Ар колхозым и унафэщIхэр зыщIэс IуэхущIапIэм и унэм хэтти, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым къуажэ унафэщIхэм я нэIэ сыт щыгъуи тетт. ИтIанэ, езы пощт лэжьакIуэхэри, къыхащыпыкIам хуэдэу, а Iуэхум къыхуигъэщIа защIэт. Пощтым и унафэщI Къул-Къардэн Хъаний, газетхэр цIыхухэм традзэнымрэ ахэр зэбгрыхынымкIэ жэуап зыхь Жыгуэ Нащ сымэ ноби къуажэдэсхэм фIыкIэ ягу къагъэкIыж. Езыхэри цIыхум зэрахуэгуэпэным, я Iуэху зэрыдагъэкIыным хэтт: посылкэ яутIыпщынуми, пенсэ тIэкIухэр нэхъыжьхэм къыIахынуми, школакIуэхэм я егъэджакIуэхэм тыгъэ хуащIын открыткэ нэхъ дахэхэр къыхахынуми - псори зыбгъэдыхьэр ахэрат. Апхуэдэт почтальонхэри - Къущхьэ МуIэед, Бэч Хьэсэнбий, ТIэрэш Хьэбас сымэ.

Илъэси 4-5 ипэ иужьрей шуу почтальону лэжьэжащ Жыкъуэ Iэдэм. Ахэр лэжьакIуэ къудейтэкъым, щIэх-щIэхыурэ цIыхур зыхуей хъу пощт Iуэхутхьэбзэ дэтхэнэми теухуа чэнджэщ къозытыф икIи дэтхэнэ зы къуажэдэсми дэIэпыкъуну хьэзыр цIыху гуапэхэт. ИужькIэ газетхэр машинэкIи кърашэкIащ, Тхьэщыгъуей Мадинэ лъэсу кърихьэкIащ. Псом ящхьэращи, къуажэдэсхэм газетхэмрэ журналхэмрэ яIэрыхьэрт.

Зэманым зихъуэжащ. Газетхэр къыдэзыгъэкI редакцэхэр нобэ гугъу ирегъэхь икIи егъэпIейтей республикэм щызекIуэ бзэхэмкIэ къыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ цIыхум яIэрыгъэхьэныр ямылейуэ гугъу зэрыхъуам. Зэтраубла пощт лэжьыгъэр къэралым и лъэлъэжыгъуэм дэкIуэдащ.

Ди тхыгъэр гъэщIэгъуэн фщыхъун щхьэкIэ зы щапхъэкIэ духынщ. Дуней псор къапщтэмэ, пощт IуэхущIапIэ нэхъ цIыкIу дыдэр щылажьэр США-м и Флоридэ штатым хыхьэ Эверглейдс жылагъуэрщ. Зэгуэр абы щIыгъэпшэр щахъумэу щытащ и инагъыр зэрыхъури метр зэбгъузэнатIи 5-щ. Абы махуэ псом щылажьэу зы почтальон щIэсщ. Жылагъуэм щыпсэур зэрыхъур цIыху 11 къудейщ.

Эверест бгым (Тибетым) метр 5300 лъагагъым хуэзэу 2021 гъэм къыщызэIуахащ вагонеткэ - пощт. Уеблэмэ Антарктидэм щыIэ Порт-Локрой станцым (Великобританием ейщ) пощт унэ щагъэлажьэ щэкIуэгъуэм щыщIэдзауэ мазаем нэсыху. Абы зы илъэсым хуэзэу открыткэу кърагъэхым я бжыгъэр мин 70-м нос. Абыи къегъэлъагъуэ пощт IуэхутхьэбзэхэмзэрыхэмыщIар.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Пкъыгъуэ зэранхэм защыфхъумэ

Пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хьэпщхупщхэмрэ щахъумэн, удз ежьужьхэр ягъэкIуэдын щхьэкIэ нитрат, пестицид пкъыгъуэхэр къагъэсэбэпын хуей мэхъу. КъищынэмыщIауэ, нэхъыбэрэ щылъын, нэхъ фэ дахэ яIэн папщIэ абыхэм ирахьэлIэ цIыхум и узыншагъэмкIэ зэран пкъыгъуэ щхьэхуэхэри. Абыхэм къахокI аллергие, диатез, лъатэ, кIэтIий узхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ФГБУ-м и «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» IуэхущIапIэм химие-аналитикэмрэ химие-токсикологиемкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэ КIэ-рэф Лаурэ мыпхуэдэ чэнджэщхэр къывет абы теухуауэ:

♦Къэбыстэм и гущIыIу тхьэмпэхэмрэ и купсэ быдэхэмрэщ пкъыгъуэ зэранхэр хъума нэхъ щыхъури, къэбгъэсэбэпын ипэ ахэр къыхэгъэкъэбзыкIын хуейщ.

♦КIэртIофым зыщIиша нитратхэр фэ щIагъымрэ и курыкупсэмрэ щехъумэ. Щыбгъэхьэзыркlэ ар зыхэплъхьа псым къэкъуэлъэн зэрыщIидзэу щIэвгъэжи щIэрыщIэу щIэфкIэ.

♦Бэдрэжаным и кум феплъ. Ар быдэрэ хужьыфэмэ, лъэхъц быдэхэр хэлъмэ, къэвмыщтэмэ нэхъыфIщ.

♦Пхъэщхьэмыщхьэхэр (мыIэрысэ, кхъужь) къафщти, фи Iэр кIэрыпщIэмэ, дифенил пкъыгъуэр траутхауэ аращи, укъэбзын хуейщ.

♦Жызумыр кIыхьу щылъын папщIэ фунгицид пкъыгъуэмкIэ йолажь, ар содэ зыхэлъ псыкIэ фтхьэщIмэ кIэрыкIынущ.

♦Нащэ къабзэм и фэр удз къэкIагъащIэм ещхьщ. Абы фIыцIафэ къыщIыхьэмэ, нитрат куэдыIуэ иратауэ аращи, ар къыщызэтеувыIэ и фэр тевгъэжу и къуэпс къыщIэчыпIэр пывупщIмэ нэхъыфIщ.

♦НащэгъэфIэIу удзыр шхыным хэфлъхьэн ипэ зы сыхьэткIэ псым хэвгъэлъ, пкъыгъуэ зэранхэр щихъумэ лъэдийр фшхыи ерыскъым хэфлъхьи хъунукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр ФГБУ-м и «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» IуэхущIапIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Хущхъуэ уасэм хохъуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм хэтхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ иужьрей зэманым хущхъуэхэм я уасэм зэрыхэхъуар.

«УРЫСЕЙМ фармацевтикэ IэнатIэм зыщиуэжьми, хущхъуэхэм я уасэхэм зэрыхэхъуам къищынэмыщIауэ, язынык ъуэ лIэужьыгъуэхэри гъуэтыгъуей хъуащ. Ар наIуэ къащIащ аптекэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм. Къапщтэмэ, блэкIа илъэсым и иужьрей мазищым хущхъуэу къыщIагъэкIым процент 22-кIэ хэхъуащ. Аптекэхэм щIэлъхэм я процент 60-р къэралым щащIа хущхъуэщ, апхуэдэу щытми, я уасэхэр дэуеящ, язынык ъуэхэри гъуэтыгъуейщ», - жиIащ Путин Владимир.

УФ-м и Президентым къыхигъэщащ хамэ къэралхэм щащIа хущхъуэхэр Урысейм къэрашэну зыми зэрыпамыубыдар, абы и лъэныкъуэкIи псоми ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр. «Къыхэгъэщыпхъэщ, хущхъуэхэр къыщIэзыгъэкI хамэ къэрал компаниехэм я нэхъыбэм ди къэралым щрагъэкIуэкI Iуэхухэр зэрызэпамыгъэуар. Ауэ язынык ъуэхэм я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэтрагъэувыIащ. А унэтIыныгъэхэмкIэ щыщIэныгъэ димыIэн папщIэ, ди зэфIэкI псори къэдгъэсэбэпу абыхэм я пIэ иувэн препаратхэр зэрыдгъэхьэзырыным дыхущIэкъупхъэщ. Дэ ди къалэнщ цIыхухэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкIэ ирикъуу къызэдгъэпэщыну, я уасэхэри къатемыхьэлъэу щытын хуейщ», - жиIащ къэралым и УнафэщIым.

Щыуагъэшхуэу къелъытэ

Франджы политик Филиппэ Флориан и къэралым Украинэм еврэ мелуани 100-кIэ зыщIигъэкъуэну къищта унафэр щыуагъэшхуэу зэрыщытыр жиIащ. Абы къызэрилъытымкIэ, Франджым и унафэщIхэм къафIэIуху къым къэралым и цIыхухэр экономикэ щытыкIэ гугъум къызэрихутар. Апхуэдэ и Iуэху еплъыкIэхэр политикым нахуэу къыщигъэлъэгъуащ Интернетым щиIэ социальнэ напэкIуэцIхэм.

«ЕВРОКОМИССЭМ и унафэщI Урсула фон дер Ляйен Украинэм и президент Зеленский Владимир еврэ мелуан 500 хуригъэхьынущ. Франджым абы зыщIигъэкъуэнущ еврэ мелуани 100-кIэ! Апхуэдэу щытми, ди къэралым и цIыхухэр зыхуей хуэзэу зэригъэпсэун мылъку иIэкъым», - жиIащ Филиппэ Флориан.

Политикым къелъытэ франджым я пашэ Макрон Эммануэль Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм гулъытэшхуэ яхуищIкIэрэ езым и къэралым щыIэ щытыкIэр, абы и цIыхухэр зыIууэ гугъуехьхэр къыфIэмыIуэхуж хъуауэ.

ЩIышылэм и 26, *махуэку*

♦Таможенникым и дунейпсо махуэщ.

♦Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ.

♦1944 гъэм КъБР-м Аруан щIыналъэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1936 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэзешэ**.

♦1949 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ**.

♦1952 гъэм къалъхуащ тхыдэдж, зэдзэкIакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Мэлбахъуэ Къэралбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 0, жэщым градуси 6 - 5 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 27, *мэрем*

♦Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ

♦1941 гъэм «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦1968 гъэм Налшык Музыкэ театр къыщызэIуахащ.

♦1940 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэгъэжей Джонсон**.

♦1947 гъэм къалъхуащ композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жырыкъ Заур**.

♦1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Чэт Юрэ**.

♦1952 гъэм къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мывэ къуршым мэш трасэркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ИлъэсыщIэм къытхуихьахэр

Урысейр лъэрымыхь ищIыну, иупцIэныну хущIэкъу КъухьэпIэр мыгувэу езыр «гъуэншэджыншэу» къэнэнкIэ хъунущ. Ар етхьэлэ экономикэ жагъын бзаджэм. Гъэсыныпхъэхэм я уасэхэр уакIэлъымыплъысыфу зэрыдэкIуеям и зэранкIэ цIыхухэм я псэукIэр зэIохьэ.

КЪЭРАЛ унафэщIхэм жаIэ апхуэдэ щытыкIэ гугъу нобэр къыздэсым ямылъэгъуауэ. Германием и уэрамхэм мазэ зыбжанэ хъуауэ пэкIухэр дэкIыркъым. Инджылызхэри арэзыкъым, арщхьэкIэ зи гуащIэкIэ псэухэр нэхъ щызэрызехьэр франджырщ. Уеблэмэ президент Макрон а къэукъубеям зыдихьынкIэ хъунущ: «Къуийм и щIыIу гуэрэф» жыхуаIэм хуэдэу, абы имычэзу дыдэу къыхилъхьащ пенсэ щагъакIуэ ныбжьыр илъэс 64 нагъэсыну. Абы нэхъри игъэгубжьащ цIыхухэр.

Дауи, зэресэжауэ, къэхъу псомкIи ягъэкъуаншэр Урысейрщ. Язынықъуэхэм и деж уогупсыс: я насыпти, пцIы телъхьэпIэ къагъуэтащ. Ауэ сыт щыгъуи ящогъупщэ ди къэралым къыхуагъэува санкцэ бжыгъэншэхэр я щхьэхэм къазэрытехуэжыр къызыпхагъэIукIын.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а санкцэхэм я удыныр дэри къытлъоIэс, ауэ апхуэдэу хьэлъэу зыхэтщIэркъым. Абы щыхьэт тохъуэ 2022 гъэм зэрыдухар къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр. Премьер-министр Мишустин Михаил и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, Урысейм и пащхьэм ит къалэн инхэр ягъэзэщIэным трагъэкIуэдэн хуейт сом триллион 31-рэ, ауэ хэхъуэхэр зэрыхъур триллион 28-рэт. АрщхьэкIэ Правительствэм хузэфIэкIащ псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ ипщэ дилъхьэжа псори зэфIигъэкIыну. Хэбгъэзыхьмэ, абыхэм ящымыщу аргуэру сом триллиони 6 къигъуэтыфащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сом мелард 500 хухахащ пенсэхэм, псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейхэр, лэжьапщIэ нэхъ цIыкIур проценти 10-кIэ къэIэтыным. Сом мелард 400 щIигъу хуаутIыпщащ зи ныбжьыр илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ илъэс 16-м нэс сабийхэм щIэуэ иратыну ягъэувахэм. Мылъкур къыхахащ щIыдагъэмрэ газымрэ къапэкIуа хэхъуэхэм.

ИлъэсыщIэм псом япэу ягъэгуфIащ УФ-м и щIыналъэхэм щылажьэ дохутырхэр, фельдшерхэр, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэр. Ар икIи захуагъэщ - ахэращ сымаджэхэм псом япэ ялъэIэсыр. Вице-премьер Голиковэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, я улахуэхэм сом мин 14,5-м къыщыщIэдзауэ сом мин 18,5-м нэс хущIагъунущ псори зэхэту дохутыр мин 380-м, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ, фельдшер мин 725-м.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ ар ныбэизыгъэм къызэрыхэмыкIар. Узыншагъэр хъумэным и IэнатIэхэм я еджапIэхэр къэзыухахэм я Iыхьэ щанэр илъэсищ дэкIа иужь я IэщIагъэхэм ирилэжьэжыркъым. Щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкIщ: зыхэпсэукIыну яIэрыхьэр къазэремэщIэкIырщ. Аращ къыдэIэзэнухэр щIахуримыкъур. Абыи къыщыувыIакъым: дяпэкIэ апхуэдэ еджапIэхэм бюджет ахъшэ ирату щIэтIысхьэхэм ящыщу щы къэс еплIанэр щIыналъэ е район сымаджэщ IуэхущIапIэм и тхылъкIэ къащтэнущ, диплом яIэрыхьэмэ, зыгъэкIуам и деж ягъэзэжын папщIэ.

НэгъуэщIу щхьэпэ хъуну зэуэ гу зылъыттахэм ящыщщ сабий зеиншэхэм я Iуэхухэр суд приставхэм я IэнатIэм и пщэ зэрыдалъхьар. НаIуэу зэрыщытщи, апхуэдэхэм я ныбжьыр илъэс 18 ирикъумэ «зы пэш» хъу фэтэр хабзэкIэ иратын хуейщ. Ауэ, гъащIэм къызэригъэлъагъуэщи, уеблэмэ суд унафэм иужькIи щалъымыс куэдрэ къохъу е хуагъэлъагъуэ псэупIэхэр къемызэгъщ. Иджы щытыкIэм зихъуэжыну ущыгугъу хъунущ.

ЩIэхэр мащIэкъым, а псори зэуэ къыпхуэIуэтэнукъым, ауэ гуапэщ властхэм жьыкIэ-фэкIэхэри къазэрыщымыгъупщар. 2023 гъэм пенсэхэр тIэкIу-тIэкIуурэ яIэтынущ тхуэнейрэ. ЩIышылэм и 1-м жьыгъэмкIэ иратхэм процент 4,8-кIэ хагъэхъуакIэщ. Пэжщ, а бжыгъэр 6,8-уэ щытын хуеят, ауэ иужькIэ зыгуэрхэм ар куэдыIуэу къалъытагъэнущ. ЕтIуанэ чэзури къэблэгъащ: мазаем и 1-м щегъэжьауэ федерацэ льготэ зиIэхэм, ветеранхэм, блокадэм и бэлыхьыр зыгъэвахэм, Чернобыль щыIахэм, никъуэдыкъуэхэм процент 12,4-кIэ нэхъыбэ яIэрыхьэнущ. Зэ еплъыгъуэкIэ ахъшэшхуэщ, ауэ ар апхуэдэу щыткъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, япэ гупым хыхьэ никъуэдыкъуэм хущIагъунур сом 549-рэ къудейщ. Мэлыжьыхьым и 1-м процент 3,3-кIэ ягъэгуфIэнущ социальнэ пенсэм ирипсэухэр. Ямыхабзэу ягу къэкIыжащ лажьэ пенсионерхэри. ШыщхьэуIум и 1-м абыхэм зы баллым соми 123-м щIигъу хуэзэу нэхъыбэ яIэрыхьэнущ, ауэ нэхъыбэ дыдэу хущIагъур сом 371-м щхьэпрыкIынукъым. ИкIэм-икIэжым жэпуэгъуэм и 1-м зауэлIхэмрэ абыхэм хуагъэдахэмрэ я пенсэхэр проценти 5,5-кIэ яIэтынущ.

Зэрытлъагъущи, бжыгъэшхуэхэкъым, ауэ кIэ зимыIэж санкцэхэр зэпымыууэ къыщыдащIылIэ, Украинэми щекIуэкI Iуэхухэр къэплъытэмэ, ари гуапэщ. Хэбгъэзыхьмэ, а хагъахъуэ мащIэхэм инфляцэр зэрыщIамыуфэфынур къыдгурыIуэ пэтми. НаIуэу зэрыщытщи, дыгъэгъазэм ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр процент 9-кIэ дэкIуеящ. Банк нэхъыщхьэм зэрыхуигъэфащэмкIэ, мы гъэм инфляцэр проценти 5 - 7-м нэсынущ. Абы къыдэкIуэу капремонтым папщIэ щIышылэм къыщыщIэдзауэ нэхъыбэ хыдолъхьэ. ЕрыскъыхэкIхэр нэхъ лъапIэ мэхъу, хущхъуэхэм я дежи ар зэрынэсынумкIэ зиумысыжащ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм.

Мис апхуэдэ тыгъэхэмкIэ къытхуэкIуащ дызыхыхьа илъэсыр.

Карелиер я плъапIэщ

США-р зи унафэщI КъухьэпIэ зэкъуэтым хэт псоми езыхэм я мурад щхьэхуэхэр яIэжщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэху хэхам Урысейр щылъэпэрапэмэ, хьэзырхэщ ар зэкIэщIачыну, щхьэж «лъысыр» къыхихыну. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ УФ-м ехъулIэныгъэ а зауэм къыщихьми, зыгуэрхэр а гугъапIэм къыпыкIыркъым. Уеблэмэ НАТО-м зрагъэубгъуну хущIокъу.

АБЫ и щыхьэтщ Швециемрэ Финляндиемрэ Атлантикэ ищхъэрэ блокым хыхьэным теухуауэ къаIэта Iуэхур. Ауэ ар къызэтеувыIащ, Тыркум и Iуэху бгъэдыхьэкIэм къыхэкIыу. Анкара идэркъым езым террорист зэгухьэныгъэу къилъытэ ЛэжьакIуэ партым Стокгольм къызэрыкъуэтыр. НаIуэу зэрыщытщи, а блокым хэт Тыркум и арэзыныгъэ хэмылъу Швециер абы хагъэхьэнукъым. КъэралитIым я зэхущытыкIэхэр хуабжьу зэщIэплъащ Стокгольм дэт тырку посольствэм и гъунэгъуу муслъымэнхэм я фIыцIагъэ лъапIэр - КъурIэныр - щагъэса иужь. Къаугъэр зэриухыныр зыми ищIэркъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Швецием Урысейм гужьгъэжьгъ къыхуиIэщ. Зэгуэр европэм щынэхъ лъэщу щыта а къэралыр 1709 гъэм Ищхъэрэ зауэм щыхагъэщIа иужь тепщэныгъэр фIэкIуэдащ. Абы лъандэрэ псы куэд ежэха пэтми, ар нобэми ящыгъупщакъым.

АтIэ сыт ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха 1945 гъэм къыщыщIэдзауэ Совет Союзым и ныбжьэгъуу къекIуэкIа Финляндиери зи гугъу тщIы блокым хыхьэну щIыхущIэкъур? Зэ еплъыгъуэкIэ, зы щхьэусыгъуи щыIэкъым. Япэрауэ, а къэралым бий иIэкъым. СССР-м иужькIи абы ипIэ иува Урысеймрэ езымрэ я зэхущытыкIэфIхэм пащащ. 1992 гъэм къэралитIым зэращIылIащ Урысеймрэ Финляндиемрэ я зэхущытыкIэхэм я лъабжьэхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэр. Абы и ещанэ IыхьэмкIэ щIагъэбыдащ лъэныкъуитIми щIыналъэкIэ яку гуныкъуэгъуэ зэрыдэмылъыр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди гъунэгъу лъахэм и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ щыта Урхо Калева Кекконен СССР-р игъэныбжьэгъуу щытащ, ар зэ е тIэу нэхърэ мынэхъ мащIэрэ илъэс къэс Москва къакIуэрт. Езы финхэр 1945 гъэм техьащ совет егъэджэкIэм икIи мы зэманым цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ дуней псом щыпашэщ.

Пэжщ, 1939 - 1940 гъэхэм къэралитIым яку къыдэхъуа зауэм и зэранкIэ Финляндием щIы фIэкIуэдащ, арщхьэкIэ ар а зэманым езым и зэранкIэ къэхъуа Iуэхущ.

Иджы, къэхъуа-къэщIахэр къагъэгъэсэбэпу зыгуэрхэр хущIокъу абы фейдэ къыхахыну. Хэбгъэзыхьмэ, псалъэмакъ ирагъэжьащ 1992 гъэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм (ар илъэситху къэс ягъэIэпхъуэ хабзэщ) къару имыIэжу къалъытэну. Мис, псалъэм и хьэтыркIэ, фин дипломат Нюберг Рене жиIэр: «ЗэгурыIуэныгъэм и язынықъуэ Iыхьэхэр иджырей лъэхъэнэм зыкIи къезэгъыжыркъым. Дунейм зихъуэжащ икIи абыхэм зы сэбэпынагъи яIэжкъым».

Нюберг дипломат къызэрыгуэкIкъым, ар 2000 - 2004 гъэхэм Финляндием и лIыкIуэу УФ-м щыIащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы и Iуэху еплъыкIэр думыIэгъынкIэ Iэмал иIэкъым нэгъуэщI цIыху хэIэтыкIахэм ящыщхэм. Уеблэмэ ар щIауфэжыркъым Украинэм зауэ Iуэху хэхам щыщIидза иужь. Илъэс ипэкIэ Финляндиер НАТО-м хыхьэным зыри егупсысыххэу щытакъым, иджы ар занщIэу къыкъуэкIащ. Дауи, ар езыр-езыру къэхъуакъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, я плъапIэр Карелиерщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар езыр нэхъ щIыналъэ хуэмыщIа дыдэхэм ящыщщ, къулеигъэ бгъэдэлъ пэтми. Республикэр ящыщ хъуащ санкцэхэм я зэран нэхъыбэ дыдэу зэкIа щIыналъэхэм. Абы и экономикэр куэдкIэ пыщIащ Евросоюзым. Щхьэусыгъуэ белджылыхэм я зэранкIэ промышленностым къитым хуабжьу кIэрыхуащ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр хэхъуащ. Пэжщ, ар илъэсипщIхэм зэтрихьа Iуэхущ. Абы и щыхьэтщ цIыхухэр Урысей псом къызэрыщыхатхыкIам къигъэлъэгъуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ Карелием зэпымыууэ щыпсэухэм я бжыгъэр зэрыхъуар цIыху мин 533-рэщ. Зэвгъапщэт: абы ипэкIэ къалъытэрт республикэм цIыху мин 716-рэ щыпсэууэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, илъэс тIощIым кърикубыдэу щIыналъэм и цIыхухэм мин 200 яхэщIащ. Хьэуэ, лIауэ аракъым, куэдыр Москва, Санкт-Петербург, гъащIэр щынэхъ тынш нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэпхъуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ФинляндиемкIэ зыунэтIахэри мащIэкъым. Щалъхуа лъахэр зэрабгынэмкIэ зыгуэрхэр бгъэкъуаншэну гугъущ: абыхэм зыхэпсэукIын ягъуэтыркъым. Совет лъэхъэнэм къэралым гулъытэшхуэ хуищIырт ищхъэрэ щIыналъэхэм зегъэужьыным, IэщIагъэлIхэр игъакIуэрт. Иджы апхуэдэ щыIэжкъым. Аращ цIыхухэм я мыарэзыныгъэр къэзышэр.

А псом я щIыIужкIэ щIыпIэ унафэщIхэр езыхэм я къалэнхэм егугъуу пхужыIэнукъым. А псори ялъагъу Урысейр лъэпэрэпэным къежьэхэм.

Аращ Японием Курил хытIыгухэр, Германием Калининград областыр етыжыным хуэдэ псалъэмакъхэр Карелием ехьэлIауэ къыщIежьэм и щхьэусыгъуэр.

● ГИБДД

Хабзэм тетыным хуаущий

Аруан районым и полицейхэм школакIуэ цIыкIухэм драгъэкIуэкI гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным и дерсхэр.

УРЫСЕЙ МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм «Сабийхэр - гъуэгум» республикэпсо Iуэхум хыхьэу, гъуэгум зэрыщызекIуапхъэ хабзэхэр ирагъэщIэн мурадкIэ квест-джэгукIэ къызэрагъэпэщащ Псыгуэнсу къуажэм и курыт школ №1-м и пэщIэдзэ классхэм щеджэхэм папщIэ.

ШколакIуэхэм зрагъэщIащ гъуэгу дамыгъэхэмрэ светофор плъыфэхэмрэ я мыхьэнэр, къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ тематикэ гъэлъэгъуэныгъэ цIыкIухэр, транспортхэм теухуа къуажэхьхэр къащIэри, автомашинэ щызекIуэ щIыпIэм шынагъуэншэу зэрыщызэпрыкIыпхъэри зэпкърахащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэр сабийхэм яхутепсэлъыхьащ жэщым къаблэ пкъыгъуэхэр лъэсырыкIуэхэм яIэн зэрыхуейм икIи дэтхэнэми апхуэдэхэр иратащ.

- Гъуэгум щысакъыныр сабийхэм щыцIыкIум къыщыщIэдзауэ яхэлъхьэныр къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным, лъэсырыкIуэхэм я гъащIэр хъумэным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэщ, - жаIащ автоинспекторхэм.

IуэхущIапIэм и гъэсакIуэхэм къыхагъэщащ мыпхуэдэ дерсхэр егъэкIуэкIыным сабийхэм жэуаплыныгъэ зэрахилъхьэр, гъуэгухэм набдзэгубдзаплъэу щыщытыным къызэрыхуриджэр.

ЗэIущIэм и кIэухыу сабийхэм ягъэхьэзыращ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэм (ПДД) тетыным балигъхэр къыхуезыджэ видеозыхуэгъэзэныгъэ икIи ар адэ-анэхэм я чатхэм иралъхьащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Адыгэ гуащэ, инджылыз нысэ, иранып хъу

Нэгъабэ илъэс 400 ирикъуащ Ван Дейк Энтони ищIа «Ширли гуащэм и сурэтыр» дунейм къызэрытехьэрэ. Абы къыщыгъэлъэгъуа Сампсоние Терезэ иран тепщэ Аббас Езанэм и блыгущIэтхэм яз, инджылыз лIыкIуэ Ширли Роберт и щхьэгъусэу щыта адыгэ цIыхубзщ.

● Тхыдэ

ВАН Дейк Терезэ и сурэт ищIын гукъыдэжыр къызыхихар абы и фащэ къызэрымыкIуэрауэ жаIэ. Ар адыгэ щыгъыныгъуэу зэрыщытри къыхощ сурэтым тепсэлъыхь тхыгъэхэм. Къызэрыгуэкl цIыхубз фащэр дыщэпскIэ хадыкIмэ, Ширли гуащэм щыгъыр щэкl дыщафэм къыхахри, Iуданэ щIыхурэ плъыжькIэ хадыкIыжат.

Дауэ адыгэ пщащэр къэжэр сэрейм къызэрыщыхутар? А упщIэращ Терезэ и хъыбарыр зэхэзыхым япэу игу къэкIыр. МащIэ-куэдми, дэ дыщыгъуазэщ XVI лIэщIыгъуэм ипэкIи иужькIи Адыгэ Хэкум цIыхушхуэ ирашу зэрыщытам. Абыхэм Мысырым щагъуэта гъащIэм зыгуэр хэтщIыкI щхьэкIэ, Иранымщызэтеува адыгэ тхыдэм дыщыгъуазэкъым. Перс тепщэгъуэр зыIэщIэлъа Сэфэуийхэм я лъэхъэнэм Джунайд жыхуаIэ дзэлIыр Адыгэ Хэкум, теуэурэ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ гъэру иубыду щытауэ ятхыж. Шах Тахмасп Езанэм (1524 - 1576) и лъэхъэнэращ Иранымщыпсэу адыгэхэм хуэмурэ я щхьэр къаIэтын щыщIадзар. Ауэрэ хэхэсхэр гуп-гуп зэрыгъэхъурэ, я лъэщагъми хэхъуащ, зи къарурэ псалъэрэ пхыкI жылагъуэу зэрыубыдащ, сэрейм щытепщэ лIыщхьэхэми гъунэгъу зыхуащIыфащ. Кавказым ираша зауэлIхэм иджыри къэс Ираным имыIа армэ лъэщ къыхищIыкIыну хуежьари шах Тахмаспщ. Гъэру яубыдами, езыхэм я гукъыдэжкIэ кIуами, хуэмурэ Ираныр адыгэ псэупIэ хъуащ. Герберт Томас зэритхыжымкIэ, XVII лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм Сэфэуийхэм я унафэм щIэта Иранымрэ Аспас къалэм адыгэрэ куржыуэ цIыху мин 40-м нэс дэсащ. Сулеймэн Езанэм (1666 - 1694) и лъэхъэнэм Сэфэуийхэм я къалащхьэ Исфахан щыпсэурт адыгэу, дагъыстэну, куржыуэ цIыху мин 20-м нэс. Шах, пащтыхьыкъуэ, пащтыхьыпхъу куэд адыгэ лъэпкъым къыхэкIат. Сэрейм щылажьэхэми адыгэ куэд яхэтт. Ираным адыгэ къуэпс зыбжанэ къыщыунэхуащ абы щыгъуэ. Аббас Езанэмрэ Сулеймэн Езанэмрэ я унагъуэхэр щапхъэ къудейуэ къатщтэу аращ а щIыналъэм адыгэ щылъхуу иса цIыхушхуэхэр къыздикIар къэтщIэн папщIэ. Мис апхуэдэ гъуэгукIэщ зи гугъу тщIы пщащэм и адэри Ираным къызэрыщыхутар.

Терезэ лъэпкъыфIхэм хабжэ адыгэ унагъуэм къыхэкIащ 1589 гъэм. Дунейм къыщытехьэм фIащар Сампсониещ. Абы и адэ Исмэхьил-хъан пащтыхьым и щхьэгъусэм и дэлъхути, Терезэ Ираным и щыхьэр Исфахан къыщыхъуащ. Езыр лъагъугъуафIэрэ шууей Iэзэу, сурэт щIынрэ хэдыкIынкIэ къытекIуэ щымыIэу щытауэ къаIуэтэж. 1599 гъэм хъыджэбзым зригъэцIыхуащ британ тетыгъуэм и унафэкIэ Ираным (Персием) кIуа Ширли Роберт. 1606 гъэм мазаем и 2-м ахэр зэрышэри, шах Аббас Езанэм и лIыкIуэ къалэнхэр ягъэзащIэу, зэщхьэгъусэхэм Мэзкуу, Польшэм, Лиссабон, Гамбург хуэдэ щIыпIэхэр къызэхакIухьащ.

ДэкIуэн ипэкIэ хъыджэбзыр чыристан диным итарэ ар и нысашэм ирихьэлIэу къищтарэ тхузэхэгъэкIакъым. Зы лъэныкъуэкIэ, Терезэ цIэр къезытар Иса лъапIэм и диным щыщ кармелит къудамэращ. Ауэ дэкIуа иужь, католик хъуа хуэдэуи дыкъыщоджэ язынықъуэ тхыгъэхэм. Мыбдежым къыбгурыIуапхъэр шах Аббас Езанэм инджылызхэм запищIэн папщIэ, и щыкъу хъыджэбзым муслъымэныгъэр зэрыпимыубыдарщ.

Терезэ щхьэгъусэ хуэхъуа Ширли Роберт шах Аббас Езанэм Инджылызым къришауэ арат, и армэр европэ дзэхэм ещхьу лъэщу зэригъэпэщын мурадкIэ. Абдежым щыщIэдзауэ адыгэ пщащэр хэпщIа мэхъу Тырку уэсмэн къэралыгъуэм пэщIэувэну зызыгъэхьэзыр Европэмрэ Иранымрэ зэгухьэу зэфIаха Iуэхухэм я нэхъыбэм. Терезэрэ Робертрэ щIыналъэ куэд зэрызэлъагъэIэсам и щыхьэт къинащ инджылызыбзэкIэ, урымыбзэкIэ, латиныбзэкIэ, испаныбзэкIэ ятха дэфтэрхэм. Тепсэлъыхьыжахэм я нэхъыбэм зэщхьэгъусэхэр езыхэм я нэкIэ ялъэгъуащ.

И цIыху щIыкIэкIэ Терезэ чыристанхэми муслъымэнхэми зэрахьэ хабзэхэм ебэкъуэныр къемыхьэлъэкIыу, зи гур утIыпща цIыхуу щытауэ фэ тетщ. Мэзкуу къыщыкIуам, Ширли зэщхьэгъусэхэр зэблэгъар Шуйский Василий и сэрейращ.

Терезэ тIэунейрэ и лIыр лIэныгъэм кърагъэлащ. Инджылызым щыIэу, зэщхьэгъусэхэм Генри зыфIаща щIалэ къащIэхъуащ 1611 гъэм. Абы динымкIэ и анэ хъуат тхыдэм зи цIэ къыхэщ Аннэ пащтыхь гуащэр. Ван Дейк Энтони сурэтыщIыр абыхэм щызрагъэцIыхуар 1622 гъэрщ. Абы Роберти Терези я сурэт зырыз ищIауэ щытащ. 1627 гъэм унагъуэр Персием къэкIуэжри, къыкIэлъыкIуэ илъэсым Ширли Роберт дунейм ехыжащ. Абдежым щыщIедзэ цIыхубзыр зыпхыкIа лъэпощхьэпохэм. Хъыджэбзыр зэуэ чыристанхэми муслъымэнхэми я натIэрыуапIэ хъуат. Аббас и сэрейм Iутхэм ар къызыхэкIа лъэпкъыр муслъымэну зэрыщытам къыхэкIыу, яукIын хуейуэ жаIэрт. Шах Аббас и пIэм къиува и къуэшым и къуэри Исфахан щыпсэу чыристанхэм нэхъ гуащIэу яхущытт.

Шираз къалэм и тет Эммамоли-хъанрати, абы Терезэ ислъам диныр къригащтэу, щхьэгъусэ ищIыну къехъуапсэрт, уеблэмэ къарукIэ иубыдыну хэтат. Ауэ цIыхубзым Исфахан щыпсэу ермэлыхэр къыдэIэпыкъури, Августин лъапIэм и члисэм щагъэпщкIуауэ щытащ.

Ауэрэ цIыхубзым и хъыбарыр Исфахан и къалэтет, лъэпкъкIэ куржыуэ щыта Хосров-Мырзэм деж нос. Абы Терезэ хьэпсым иридзащ. ЦIыхубзым персхэр зытет ислъам диным и шиит къудамэр къимыщтэмэ, яукIыну къытракъузэрт. И насып кърихьэкIри, Терезэ щIэпхъуэжыфащ. 1631 гъэм ар Iэпхъуэжащ Рим дэт Марям ЛъапIэм и цIэкIэ яухуа члисэм къыгуэт кхъулъшырыфым. Къыхуэна гъащIэр абы щигъэкIуащ.

Ширли Терезэ дунейм щехыжар 1668 гъэрщ. Исфахан щиIэпхъукIыжым и лIым и хьэдэ къупщхьэр здрихьэжьэри, Рим щыщIригъэлъхьэжати, езыри абы и бгъум щагъэтIылъыжащ. И кхъащхьэм тетхащ: «Сампсоние Терезэ. Амазонкэхэм я щIыналъэм къыщалъхуа, Черкесием и пащтыхьыкъуэ Самфуус ипхъу». Италием и язынықъуэ иджырей тхыдэджхэм Терезэ и адэм и цIэр «Сампсаф Искаон» жаIэри ятх. Iуэхум хэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, Ширли Терезэ и гъащIэ гъуэгур куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ, нэхъ щапхъи хуэфащэщ зи цIэр нэхъ ягъэIуа Аиссе Шарлоттэ ейм нэхърэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Зэриухынум йогупсыс

Иджы нэхъыбэрэ КъухьэпIэм щытепсэлъыхь хъуащ Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI зауэ Iуэху хэхар зэриухынум. США-р зи пашэ НАТО-м и къэралхэр ешауэ къыщIэкIынущ абы дэIэпыкъуурэ. Ар икIи кIуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу. Сенатыр республикэ партым зэрыIэщIыхьам къыхэкIыу, иджы американ президент Байден Джо хузэфIэкIыжынукъым къызэригъэсэбэпар ямыщIэу Киев доллар мелардхэр хуиутIыпщыну. Хьэуэ, а партым щыщхэм щагъэтынукъым Украинэм дэIэпыкъун. АрщхьэкIэ ахъшэр зыхуэдизымрэ здэкIуэмрэ кIэлъыплъынущ.

ИДЖЫ Украинэм хуагъэлъагъуэ «38-нэ параллелыр». НэгъуэщIу жыпIэмэ, кореитIым хуэдэу къэралыр зэгуэгъэкIыныр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 1950 - 1953 гъэхэм екIуэкIа зауэм иужькIэ Корее хытIыгум къыщыунэхуауэ щытащ социалист унэтIыныгъэ зиIэ КНДР-мрэ Вашингтон и жыIэм щIэт Кореe Ипщэмрэ.

Пэжу, Украинэр зы къэралу къызэрымынэжынур гурыIуэгъуэ хъуакIэщ. Абы къыхэкIыу КъухьэпIэм и мурадщ Iэмал зэриIэкIэ зэпсэлъэныгъэхэм япэ къихуэу ефIэкIыныгъэ гуэрхэр Киев иригъэгъуэтыну. Аращ зытехуар, псалъэм и хьэтыркIэ, Кърымым еуэну Вашингтон къыхилъхьар. Шэч гуэри хэлъкъым ар къазэремыхъулIэнум. Урысейр ищIа мурадым текIынукъым. Ар псом япэу зыхуэгъэзар Донбассыр хуит къэщIыжынрати, зригъэхъулIауэ жыпIэ хъунущ. Соледар щаIа ехъулIэныгъэм иужькIэ Урысейм и зауэлIхэр ебгъэрыкIуэ зэпытщ. Абыхэм Бахмут (Артёмовск) къаухъуреихьащ. ИкIи мыбдеж Украинэм къыхуэщхьэпэркъым КъухьэпIэм ирита Iэщэр. Абы къыхэкIыу иужь зэманым нэхъыбэрэ къаIэт хъуащ Киев Iэщэ нэхъ лъэрызехьэхэр етын зэрыхуейр. Ауэ мыбдежми щызэгурыIуэркъым.

Къапщтэмэ, унафэ трагъащIыхьыфакъым Украинэм «Леопард-2» танк хьэлъэхэр къратуным. Абы егъэлеяуэ тригъэчыныхьырт США-м, икIи ар даIыгъат НАТО-м хэт къэралхэм я нэхъыбэм. Хэбгъэзыхьмэ, Польшэм жиIат, езы Германием и арэзыныгъэ хэмылъми, апхуэдэ машинэхэр Киев зэрыритынур. НаIуэу зэрыщытщи, «Леопард» танкхэмкIэ зэщIэузэдащ Атлантикэ ищхъэрэ блокым хэт къэралхэр, ауэ ахэр нэгъуэщIым ират хъунукъым Берлин и Iизыныншэу. АрщхьэкIэ Германием хуабжьу зрилъэфыхьурэ екIуэкIащ. Абы тегъэщIапIэ ищIырт апхуэдэ танкхэр Киев хуиутIыпщын щхьэкIэ США-ми абы къарукIэ пэхъун машинэхэм хуэди иритын хуейуэ. АрщхьэкIэ Вашингтон къилъытащ ар хузэфIэмыкIыну. Япэрауэ, зи гугъу тщIы Iэщэр хуабжьу гугъуу зэхэлъщи, ахэр украинхэм къахуэгъэсэбэпынукъым. ЕтIуанэрауэ, ахэр зэуапIэ IэнатIэм щыпхузэгъэзэхуэжынукъым зэIыхьэмэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ахэр шэн-къэшэжыным мылъкушхуэрэ зэманышхуэрэ текIуэдэнущ. Абы ещхь щхьэусыгъуэхэр къалъыкъуэкIащ «Леопард-2» танкхэми жыжьэрыуэ топхэми. Абыхэм цIыхухэр мазэ бжыгъэкIэ, уеблэмэ зы илъэскIэ хуэгъэсэн хуейщ. Ауэ апхуэдиз зэман дэнэ къыздрахынур?

Езы танк, топ хьэлъэхэр узыпэмылъэщынуи щыткъым. Ахэр зэрикъутэн Iэщэ Урысейм мымащIэу иIэщ. ИкIи, Польшэм зэригугъэм хуэдэу, танк 14 Киев епткIэ зауэм и екIуэкIыкIэм зихъуэжынукъым.

Иджы дыдэ зэуапIэ губгъуэм ихьащ Урысейм и «Т-90М» танк щIэрыпсхэр. Ахэр я зэфIэкIкIэ зыкIи къакIэрыхуркъым зи гугъу тщIы машинэхэм.

Аращи, ди къэралым иIэщ къызыкъуэгушхукIын. Ар икIи Украинэм хуэдэу лъаIуэу уэрамым дэткъым. Урысейм зауэ Iуэху хэхам щIидзащ зыхуигъэхьэзырауэ икIи сыткIи абы кърикIуэнухэм хуэхьэзыру. Ар и мурадым хуокIуэ икIи абы текIынукъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Пшыхь

Щ1ыхур псэущ, и щ1эр лъэпкъым я1урылъыху

КъБР-м и Музыкэ театрым иджыблагъэ пшыхь щек1ужащ УФ-м щэнхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1ую, СССР-мрэ УФ-мрэ Іэщ1агъэ-техникэ щ1эныгъэмк1э я отличник, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щи1э фы щ1эхэм папщ1э» орденыр зыхуагъэфэща Безрокъуэ Еленэ и фэеплъу.

ИЛЪЭС 50-м щ1игъук1э и гуи и пси хилъхьэу щ1ал эгъуалэм я гъэсэныгъэм егупуа бзылъхугъэм и гъэгуанэр къущ1ыдзар еджап1э нэхъыщхьэр къиухыу, ПТУ №1-м и унафэщ1ым гъэсэныгъэ л1жыгъэмк1э и дэ1эпыкъуэгъуе к1уа нэужьщ. И ужьк1э ар Іэщагъэ-техникэ еджап1эхэм щ1эсхэм щэнхабзэмк1э я республикэ унэм (2000 гъэм къыщыщ1эдзауэ Сабийкэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ я творчествэм зыщ1агъэужь Іэхущ1ап1э ящ1ыжауэ щытащ) и унафэщ1 Іэнат1эм илъэс куэдк1э пэрытащ. И ужьрей илъэсхэм «Дыгъафі5 къала» сабий академием щ1эныгъэ гуэдзэн щрат и центрым и унафэщ1ым и къуадзэу ар л1жьат. Безрокъуэ Еленэ Уэсмэн и пхъур лъэпкым къытхэсыжьыр 2022 гъэм щыщ1ьэу1ум и 5 л1ьандэрэ.

Пшыхьэр зытрахуар щэнхабзэмрэ щ1эныгъэмрэ я лэжьак1ую псэемыблэж щ1ы хубзыр къыщ1ал ъуа махуэрати, и Іыхьлыуэ, къыдэлэжьауэ, и ныбжьэгъуу, фІыуэ зыщ1ыхуу, зыльгъэуу щытауэ екъе1уэлам т1ысип1эхэр яхурикъуакъым.

Илъэс куэдк1э Безрокъуэр ядэлэжьащ республикэм и артист щ1эрыуэхэмрэ къэфак1уэ гупхэмрэ. Пшыхьэр къыззрыз1уахари аращ - «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къафэк1ыщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э и министр Езаэуэ Анэзор къыщ1ипсалъэм къыхигъэщащ Еленэ лъэпкъым хуэщ1ъхэпэн щ1эныншхуэ къызэрригъэнар.

- Безрокъуэ Еленэ дигу къыщыжи1ыжжи1э, псом яп1э зи гугъу тщ1ыр хэпъа гуапагъэмрэ зэфі5ек1уэ бгъэдэлъамрэщ. Абы республикэм и щэнхабзэмрэ щ1эныгъэмрэ лъагъуэ мыкІуэдыжын къыхинащ. Еленэ хуэдэу л1жьыгъэм хуэжьыджэр, гукъыдэж мыух зи1э гъуэтыгъуейщ ди зэманым. И1ъуэ1э к1ал эн мытынышхэр и пщэ дилъхьэжьыфыр, гупыр зэщ1игъэуІуэфыр, абы и фІы-гъэк1и я ехъуІэныгъэхэр нэрылъагъут. Унафэщ1ым и1эн хуей пщ1эр Безрокъуэм къиухьхуат и гум и къабзагъэк1э, щ1ыхугъэк1э, и зэпІэзэрытыгъэк1э, - жи1ащ министрым.

Езаэуэм дыщ1игъащ пэщым щ1ыхур щ1ъэу къызэрек1уэл1ам къызэригъэльагъэр бзылъхугъэр зыщ1ыхуу щ1ыта дэтхэнэми ар и гум фІы к1э къызэринар. Министрым къыхэгъэщащ абы хуэдэ ущиящ1эр щ1ёлъэм я1эныр зэранасыпІыр и1и фІыщ1э яхунщ1ащ фэеплъ пшыхьыр къызэзыгъэпэщ1ахэм.

Щ1ыхум л1ужьыгъэ хуэхъунрэ къыхих хуэдэу къыфІэщ1ащ, езы Іэщ1агъэм ук1ыхихьыр нэхъ пэжу къыщ1эк1ынущ. Апхуэдэ Іэщ1агъэщ и гъащ1э псом зымыуТ1ыпщу Еленэ зы1ыгъар. «Сык1эувы1эмэ, асыхьэту сыл1эну къысщохьу», - щ1ыжи1ат абы зы интервьюм. Безрокъуэр гъунэгъуу зы-мыщ1ыхуахэм а зым къагурыгъэ1уэну къытщохьу и жы-джэрагъыу, л1ужьынм хэнэхъуеиншэу зэрыщ1ытар. Ди гугъэмк1э, аращ абы къы-щ1ыхуэл1ар ныбжьыщ1э хуэгъащ1э гъэгуанэшхуэ тригъэувну. А пщ1ыхьщхьэм утыкум къихьа дэтхэнэри бзылъхугъэм Іэхуфк1ІэІэ пыщ1ауэ, къыдек1уэк1ауэ апхуэдэ защ1эт.

КъБР-м щ1ыхь зи1э и артист кэ Кърым Иринэ, Осетие Ипщэм щ1ыхь зи1э и артист Уэзрокъуэ Чэрим, «Иман» гупым, «Шагъдий» сабий къэфак1уэ гупым, Соттаев Къанщауэ и щ1эр зезыхьэ «Эльбрус» ансамблым, нэгъуэщ1 куэдми пшыхьыр яг1эдахащ.

- 1986 гъэм къыщыщ1эдзауэ сыдэлэжьащ Безрокъуэ Еленэ и к1и сытригъэгушхуат гупым, сабийхэм засэрыдзлэжьэнym. Апхуэдизк1э абы и пщ1эр л1ьагэти, гугъут и жы1эм уемыдэ1уэну е хъэрэмагъэ гуэрк1э уфІэк1ыну. Апхуэдэу и1ъэс 37-к1э дызэдэлэжьащ, - жи1э «Нальчанка» ансамблым и унафэщ1у 2021 гъэ пщ1ондэ щ1ыта Мэрыщ Зауэбий.

КъБР-м щ1ыхь зи1э и артисткэ, «Эльбрус» ансамблым и художественнэ унафэщ1 Карчаевэ Раисэ и псалъэм къыхигъэщащ нобэр къыздэсым я фІэщ зэрахъэмыщ1ыр а цІыху гуапэр зэрахъэмытыжьр.

- «Нальчанка» гупым сыщ1ыхьа и1ъэсым щ1ыщ1эдзауэ сыкъыщэгъуэгурык1уэ Безрокъуэ Еленэ. Ар апхуэдизк1э щ1ыхь н1эщхъэгушхэ, а и гукъыдэжыр уэри къыпл1ыгъэ1эсыфырт. И1къук1э хэщ1ныныгъэшхуэ л1ъэпкым и1эу къызэлъытэ ар къызэрытхэмытыжьым щ1ъэк1э. Нобэ си къэфак1уэ гупым яг1ъэщ1энущ Безрокъуэ Еленэ и гупсысэк1э дгъэувауэ щыта зы къафэ - амазонкэхэм я къафэр.

Битокъу Беслъэн жи1ащ Безрокъуэ Еленэ и нэ1э зытета «Нальчанка» къэфак1уэ гупым хэту къэфэн къыщ1эзыщ1эдзауэ щыта куэд иджы къэрал ансамблхэм къызэрыщ1ыфыр, ар дэтхэнэми анэ етІуанэ яхуэхъуфу зэрыщытар.

Бзылъхугъэ щ1ыпкъэм теухуа гукъэк1ыжхэм пшыхьым щ1эсхэр ирагъэдэ1уащ Промышленность псынщ1эмк1э Налшык колледжым и унафэщ1 Текуевэ Нинэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и автодорожнэ колледжым и унафэщ1 Абрэдж Мартин, ЗАГС-м Налшык къалэ орогум щи1э къудамэм и унафэщ1, КъБР-м Щ1ыхуэхэм защ1эгъэкъэуэнымк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ Шэру Валентинэ, УФ-м щэнхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ Котляровэ Марие сымэ.

- Щ1ыпэ щ1ыхь сыт щыгъуи псэуу ар къызыфІэбгъэщ1ынуу ухуейуэ. Апхуэдэщ Безрокъуэр. Гушы1э дахэ хэлът, нэхъыфІ дыдэу абы зигъэпсэхуу къыщ1ильытэр тхьылъфІ щеджэрт, псэ кьулей и1эт. Си гугъэмк1э, нобэ, пшэрэм, иджыри куэдрэ къыз1ыфІэдгъэщ1ынущ иджыпсту ар къытхэ1ьадэу а и гукъыдэжыр псоми къытлъигъэсыфыну, - жи1ащ Котляровэ Марие.

Нэгъуэщ1 республикэхэм щ1ыщу пшыхьым къемык1ыуэ1эфаУэ Безрокъуэ Еленэ зыщ1ёхуэ, зыдэлэжьа куэдым видеок1э къагъэхьа я гукъэк1ыжхэри къыщагъэльэгуащ утыкум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Спартак-Налшык»-р къызэхуосыж

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымк1э и ет1уанэ лигэм и Я1пэ гупым щек1уэк1 зэхьэзэхуэр гьатхэпэм и 11-м зэхаублэжьнущ. Иджыпсту командэхэм ет1уанэ Іыхьэм зыхуагъэхьэзыр.

НОБЖК1Э ебланэ увыпІэм щыт ди «Спартак-Налшык»-р пэублэу блыщхьэм и щ1алэгъуалэ гупым дэджэгуащ. Зэ1ущ1эм и я1пэ Іыхьэр зэрытемыгъак1уэу, 0:0-у, иухащ. Загъэпсэхуу к1ьихьэжа иужьк1э командэ нэхъыщхьэм и зэфІэк1ыр нэхъ зэрыльагэр на1уэ хъуащ и1ки 4:2-уэ тек1уэныгъэр къызэрихьар абы щ1ыхьэт тохъуэ.

Къыкі1эпы1ыэну зэныбжьэгъугъэ зэ1ущ1эр ди щ1алэхэм Кисловодск щрагъэк1уэк1ынущ. Дызыхуэк1уэ мэремым, щ1ышылэм и 27-м, ахэр дэджэгунущ зыхэт гупым 11-нэ увыпІэр щ1ызыІыгъ Мэхъэчкъал и «Легион-Динамо»-м.

«Спартак-Налшык»-м и тренер нэхъыщхьэ Биджиев Хьэсэнбий къызэрыджи1амк1э, зы-гъэхьэзырынагъэ лъэхъэнэ псори щек1уэк1ынур ди къалащхьэрщ. Закъуэт1акъуэ, я зэфІэк1ыр здынэсыр къапщ1эжу, Пскъовскэ лъэныкъуэк1э зэныбжьэгъугъэ зэ1ущ1эхэр щрагъэк1уэк1ыну я гугъэщ. «Илъэс блэк1ам и к1эух махуэхэм дз зыгъэхьэзырын щ1эздзауэ жыпІэ хъунущ. Мурад дубзыхуэм ятолажьэ. Командэм щыджэгухэми, дэлажьэхэми зэк1э зэхъуэк1ныгъэ яг1уэтакъым. Махуэм т1эунэйрэ джэгуп1э губгъуэм зыщыдогъаз», - къыжи1ащ Биджиевым.

Ет1уанэ лигэм и Я1пэ гупым щек1уэк1 зэхьэзэхуэм и я1пэ Іыхьэм иджыпстук1э къыщ1ик1уэхэм я гугъущ1ымэ, абы бжьыпэр щи1ыгъщ Новороссийск и «Черноморец»-м. Волгоград и «Ротор» командэр ещанэ увыпІэм зэрыщытри пхузгъэщ1эгъуэнукъым. Толджэгум куэд щ1ауэ к1эпыплъхэр щыгъуазэщ абыхэм я зэфІэк1ыр зэрыиным. Псом хуэмыдэу, зыщыгъэгупщэжыгъуейщ 90 гъэхэм «Ротор»-м лъэхъныныгъэ къигэлъэгъуахэр. Урысейм и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм яхэту т1эунейрэ дыжьын, зэм домбеякъ медалхэр къыщихьащ. Я1пэ увыпІэм сыт щыгъуи щ1ебэн Мэзку у и «Спартак»-м и закъэущ ар къызэтезыгъэувы1эфу щытар.

Гум имыхужщ УЕФА-м и Кубокыр къэхьыным хуэунэт1а зэпеуэм хэту, ет1уанэ к1ьеКІыгъэм, Инджылызым и «Манчестер Юнайтед» командэ щ1эрыуэм тек1уэу къызэрыпигъэхуауэ щытар. Ауэ, куэдым ф1ыуэ я1ъэгуа, стадион домбей и к1и тхъ1ухуд зыхуащ1а «Ротор»-р нобэ ет1уанэ лигэм хэтщ.

«Спартак-Налшык»-р щыджэгу гупым нэгъуэщ1 зы тельыджи хыболъагъуэ. Ар Краснодар крайм щыщ Песчанокопскэм и «Чайка» къуажэ командэр 18-рэ иригъэк1уэк1а зэ1ущ1эхэм т1эу фІэк1а к1ьихамыгъэщ1ауэ ет1уанэ увыпІэм зэрыщытырц. Апхуэдэ гъэщ1эгъэныгъэхэр футболым хэмыльамэ, дауи, цІых у мелуанэхэр пхудегъэхьэхьынтэкъым. Аращи, дыщыгъгъынщ зы зэман дэри премьер-лигэм щыджэгуу, и тек1уэныгъэшхуэхэмк1э дигъэгуфІэу, дигъэгушхуэу щыта ди командэм къэк1уэну дахэ и1эну.

Зэхьэзэхуэм и ет1уанэ Іыхьэм щыпащ1эжьну махуэм «Спартак-Налшык»-р и унэ щыджэгунущ. Абы къыригъэблэгъэнущ Мэхъэчкъалэ и «Легион-Динамо»-р. Зэк1э лъэныкъуитІми ерыщу зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр.

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ Аслъэн.

ЗэІущІитІым - топ 18

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и щ1ымахуэ зэхьэзэхуэм щ1ебэтымрэ тхьэмахуэмрэ я зи чэзу зэ1ущ1эхэр ирагъэк1уэк1ащ. Абы къырик1уэхэм уаехпльэжмэ, гъэщ1эгъуэн пщ1ымыхъуу къанэрк1ым зэ1ущ1итІым топ 18 гъэм зэрыщыдагъэк1ар.

ЗЭК1Э хэщ1ыныгъэншэу джэгу Бахьсэн и «Автозапчасть»-р 9:0-у «Шэджэм-2»-м тек1уащ. Налшык и «ГорИс»-м 5:4-уэ бжьыгъэк1э «Бабугент»-р хигъащ1эри, ещанэ увыпІэм зэрыщыту къэнэжащ. Гъэщ1эгъуэнраци, балъкъэр къуажэм къик1ахэм мыбы ипэк1э ирагъэк1уэк1а джэгуГуиблым я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъэм топищ къудейщ щ1ыхудэгъэк1ар. Е1нэ зэ1ущ1эм пл1энейрэ къыхэжанык1ыфын яхулъэк1ащ, ауэ абы и хьер ял1ъэгуакъым.

Ет1уанэу щыт Зеикъуэ и «Шагъдийми» тек1уэныгъэ к1ьихьащ. Абы папщ1э зы топри куэду къыщ1эк1ащ. 1:0-у абы хигъэщ1ар Альтуд и «Искра» командэрщ. Ф1ы дыдэу джэгуащ Налшык и «Спартак»-м и щ1алэгъуалэ гупыр. 3:1-уэ ар зэфІэк1а «Тэрчыр» сытым и дежи нэхъ л1ъэк1ыныгъэ зи1эхэм яхэтщ.

Хэпл1эгъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэм и Іэхур. Аращ джэгуГуиим щыщу блэнёрэ хагъэщ1ауэ к1эхухуврыпІэм щы1ыщытыр. Щ1эбэтым студентхэр 1:0-у къыхэзыГъэщ1ар «Мурбек-ФШ» командэрщ.

Адрейхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: «**Инал**» (Къэрэгъэш) – «**МАХ**» (Малкэ) - **1:2**, «**Локомотив**» (Налшык) - «**Ис1ъэмей**» Ис1ъэмей) - **1:3**, «**Хьэт1охъущык1уей**» (Хьэт1охъущык1уей) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **0:2**.

Къык1эл1ык1уэну зэ1ущ1эхэр дызыхуэк1уэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэдэджэгунухэщ: *щ1ышылэм и 28-м* – «Хьэт1охъущык1уей» - «Автозапчасть», «Шэджэм-2» - «Тэрч», «Мурбек ФШ» - «Шагъдий», «Искра» - «Инал»; *щ1ышылэм и 29-м* – «Ис1ъэмей» - «Псыгуэнсу», «Локомотив» - «Бабугент», «ГорИс» - «КъБКъУ», «Спартак-Д» - «МАХ».

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и гуп нэхъыщхьэм и щ1ымахуэ чемпионатыр зэрек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.«Автозапчасть»	8	8	0	0	35-7	24
2. «Шагъдий»	8	7	0	1	22-9	21
3. «ГорИс»	8	6	1	1	25-17	19
4. «Ис1ъэмей»	8	5	1	2	20-14	16
5. «Искра»	8	4	2	2	21-8	14
6. «Тэрч»	7	4	1	2	22-16	13
7.«МАХ»	7	4	1	2	13-10	13
8. «Спартак-Д»	8	3	1	4	21-17	10
9. «Хьэт1охъущык1уей»	8	3	1	4	12-14	10
10. «Шэджэм-2»	8	3	0	5	13-24	9
11. «Псыгуэнсу»	8	2	2	4	11-19	8
12. «Инал»	8	2	1	5	13-23	7
13. «Мурбек-ФШ»	6	2	0	4	9-15	6
14. «Бабугент»	8	1	1	6	7-21	4
15. «Локомотив»	8	1	1	6	7-26	4
16. «КъБКъУ»	8	0	1	7	7-28	1

● Тхыльыщ1э

«Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ»

«Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ». Ар и фІэщыгъэу дунейм къытехьащ Бэчбо-Шыпш Залинэ сабийхэм яхуитха усэ тхылъ. Ар къыдигъэк1ащ щ1алэгъуалэм я жэрдэмыр рдэІыгъыным теухуауэ сенатор Къанокъуэ Арсен иригъэк1уэк1а зэпеуэм хэту абы къыщ1ихьа грантымк1э. Тхылъыр игъэщ1эрэщ1ащ Адыгэ Республикэм щыщ сурэтыщ1 Бэгъушэ Заремэ.

ТХЫЛЪЫМ теухуа пшыхь дахэ щек1уэк1ащ дэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Іэхущ1ап1эм. Абы зыкъ1рагъэхьэл1ащ Залинэ и бла-гъэ-Іыхьлыхэм, и усыгъэм дихьэхэм, школак1уэ щык1уэм.

- Сабийбзэ тыншк1э, гурыІуэгъуэк1э зэрызгъэпсыным селІэлІащ, арыншамэ къызэрыпхудэмыихьэхынур фІыуэ къызгурыІуэу. Тхылъыр зэрыгъэщ1эрэщ1а сурэт щхьэжэк1эпл1ык1э-хэм ар еджэгъуафІэ ящ1. Сурэтыщ1ымрэ сэрэ дызэхэнджэщурэ дызэдэлэжьащ, - жи1ащ тхылъыр къыдэзыгъэк1ам. Абы фІыщ1э яхуищ1ащ тхылъым папщ1э къызэхуэсахэм, сабийхэм яхуэгъэза литературэм и мыхьэнэр къызыгурыІуэхэм.

Пшыхьым усэ къыщеджащ - Къармэ Ася къызэрригъэпэща «Адыгэ цІыкІу» сабий зегъэужьыпІэм и гъэсэнхэр. Къармэм къыхихгъэщащ сабийхэм яфІэфІу усэхэр зэрызэрагъэщ1ар, пшыхьым къызэмыгъэу зэрыпэпльэр.

- Гъэщ1эгъуэн, удэзыхьэх хъуащ тхылъыр. Мыбы ит усэхэр нафІэгуфІэщ, зэрыгъэщ1эрэщ1а сурэтхэр, таурыхъым къыхэк1ам хуэдэу, щхьэжэк1эпл1ык1э узэ1эпызышэщ. Сэ, псалъэм папщ1э, сыщыщ1эджык1ым си сабийгъэм сыхишэжырт. Щ1эблэм анэдэлъхубзэ яІурылъыным уеуэгузавэмэ, мис мыпхуэдэ тхылъ щ1эщыгъуэкэр уасэ зимыІэщ, - жи1ащ Ася.

«Нанэ и бзэ, дадэ и бзэ» усэ тхылъыр къыщыкІущхуэфынущ Налшык дэт тхылъ щап1эхэм.

ГЪУЭТ Синэ.

Фэеплъхэм я нэІэ тетщ

Урысей гвардием Налшык къалэм щ1Іэ ведомствэм хэмыт и хъумак1уэ къудамэм и лэжьак1уэхэм «На страже памяти» акцэм хыхьэу зыхуей хуагъэзащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэк1уэда ди зауэл1хэмрэ фашизмэм зи гъащ1эр ихьахэмрэ я фэеплъыр. Дзэ къулькъум хэтхэм абы къегъэщ1ыл1а щ1ыпІэр зэщ1ак1уащ, сыным тетха псалъэхэри къыхалык1ыжащ.

- ЗАУЭ илъэсхэм и гугъуехьхэр зыгъэва, зи гъащ1эр ц1ыхубэ щхьэхуитыныгъэм щ1эзыта ди нэхъыжьхэм я фэеплъым Іэмал имыІэу пщ1э хэзтщ1ыпхъэщ. Ахэр зауэм ерыщу хэтам и закъуэкъым, ат1э абыхэм ящ1ыщхэрщ тылым фашистхэм щап1эщ1этахэри. Зи блэк1ар зымыщ1ажьым къэк1уэн и1эк1ым, - къыжи1ащащ акцэм хэта Джинэз Ислъам.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Щапхъэу къалъыта унагъуэ

● Дифі догъэлъап1э

«Унагъэщ1э» зэпеуэм пашэ щ1ыхъуащ Аруан щ1ыхьэм хьхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм щ1ыщ Къардэнхэ Алимрэ Марьянэрэ я унагъуэ дахэр. «Илъэсым и унагъуэ-2022» урысейпсо зэпеуэм и щ1ыналъэ Іыхьэм и «Унагъэщ1э» унэтІыныгъэм ахэр ет1уанэ щ1ыхъуащ.

КъАРДЭНХЭ я унагъэщ1эр 2010 гъэм къэзыгъэхуащ. Зэщхьэгъусэхэм щ1ал итІрэ – Рустамрэ Ратмирэ, зы хьщ1ажьэрэ - Самиирэ - къащ1эхьуащ. Рустам илъэс пщ1ык1уэ, Ратмир илъэсий, Самиирэ илъэсих мэхъу.

Алим Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и экономикэ факультетыр к1ыуэхащ. Арщхьэк1э ар зыхуеджа Іэщ1агъэм ирилажьэркъым, езыр нэхъ зыдихьэх Іэзху къыхихащ. Пхъэм къыхэщ1ык1а унэльащ1эхэр щагъэхьэзыр цех унэм къыщ1эзІуихауэ мэлажьэ.

Дохутыр Іэщ1агъэм щ1эхъуэпсми, Марьянэ щеджар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым есэпымк1э и къудамэрщ. Егъэджак1уэ Іэщ1агъэр Іэпэгъу зэрищ1ам ар зы махуи хущ1ёгъуэжакъым. 2012 гъэм университетыр къызэриухрэ, ар Аруан районым егъэджэныгъэмк1э и управленэм и Іэщ1агъэл1 нэхъыщхьэу л1ажьащ. 2018 гъэм щыщ1эдзауэ Нарткъалэ и Лицей №1-м щолажьэри, гурэ псэк1э к1ыхьиха Іэщ1агъэм фІэфІу пэрытщ. Егъэджак1уэфІым и нэщэнэу, абы и гъэсэнхэр и бын пэльытэу ебж, я ехъулІэныгъэхэмрэ зэфІэк1эхэмрэ ирогушхуэ, щ1эхэм трегъэгушхуэ. Щ1эблэр ебгъэджэныр гугъу зыщ1эхэм ящ1ыщу къельытэ жып телефонымрэ Интернетымрэ егъэлеяуэ ахэр зэрыдахьэхар.

- Ди адэ Владимиррэ ди анэ Иринэрэ эздэлъхуэзышпхъуэхэр лъэпкъ хабзэхэм, нэхъыжьхэм пщ1э-нэмыс яхуэщ1ыным дыщ1а-пык1ащ. Ди Іуэхущхэр псори ящ1-дадаІыгъми, ди щыуагъэхмк1э жэуапланыныгъэ зэрытхьынур зыхэтщ1эу дыкъагъэхьащ. Адэ-анэхэмрэ адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ гъэсэныгъэм теухуауэ ящ1эр уасэншэщ. Унагъуэм исхэм я хьэлщэнхэм, ахэр зэрызэхущ1ыным куэд елъытащ. Унагъуэр быдэу зэрыщ1ыгъ, гугъуехьэр тыншу к1ьхэзбнэк1ыфынущ, - жеІэ Марьянэ. - Къардэнхэ сазэрыхьхьэрэ си гуащэ-тхьэмадэхэр – Арсенрэ Ларэрэ - зыщхьэгуэгупащ. Зы пщ1ап1э дыдэсщи, къуэрылъху-пхъурылъхуэм я гъэсэныгъэм жыдэжэру зэрыхэтыр уасэншэщ. Си пщ1ыкъуэ Амири шыпхъум хуэдэу къыхсхущ1ытщ.

Къардэнхэ Алимрэ Марьянэрэ сабийхэм я гъэсэныгъэм, я зыгъэпсэхук1эм гулъытэ зэрыхуащ1ыным яужь итщ: спортым драгъэхьэх, унагъуэ Іэзхуэхэр ирагъащ1э.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖЫЛАСЭ Заурбэч (*унафэщ1-редактор*), Ширдий Маринэ (*унафэщ1-редактор*), Къанщокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 И1эз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщ1-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Іэхуущ1ап1эм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щ1эту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.616
Заказыр №129
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Іэхуугъуэхэм я пэжагъыным1э аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іэхуу епл1ык1эр зэтехуэ зэпыту щ1ыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭК1ЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь Къанщокъуэ Эллэ, корректорхэу Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатІимэ *(2, 3-нэ нап.)*
Компьютерк1э газетым и теплъэр ящ1ащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыт радзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнт1ыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щыт-радзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.